ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№141 (24.423) ● 2022 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 26, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Анэхэм я пщIэр яIэт



**Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щагъэлъэпIащ бынитху е нэхъыбэ зиIэ анэхэр. Кърагъэблэгъахэм гуапэу захуигъэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

- ЩэкIуэгъуэм и иужьрей тхьэмахуэ махуэм ди къэралым щыдогъэлъапIэ Анэхэм я махуэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху псоми сохъуэхъу а Iуэху дахэмкIэ. Анэ лъагъуныгъэм гъунэ иIэкъым, ар зэбгъэпщэн нэгъуэщI зы гурыщIи щыIэкъым. Абы дещI нэхъ Iущ, нэхъ лъэщ, гугъуехьхэм дапэлъэщуи депсыхь. Анэхэм быным халъхьэ я къаруи, узыншагъи, я псэм и хуабагъи. Анэхэм я махуэр Iэмалыфlщ абыхэм къытхуащIэ псори зэрытфIэлъапIэр зыхедгъэщIэным, я лъагъуныгъэм дыпэджэжыным теухуауэ.

Псом хуэмыдэу фIыщIэ лей яхузощI мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэн гугъу дыдэхэр зи пщэм дэлъ, бын куэд зиIэ анэхэм. ЦIыхубэм абыхэм хуащI пщIэрэ щIыхьрэ. Къэралым гулъытэшхуэ ирет бын куэд зиIэ анэхэм икIи апхуэдэхэм ядэIэпыкъун папщIэ Iэмалу щыIэр къегъэсэбэп.

Урысейм и Президент Путин Владимир и УнафэкIэ ягъэуващ «Анэ лIыхъужь» цIэ лъапIэр. Ар фIащ бынипщI е нэхъыбэ зыгъэсахэм. Къэралым къыбгъэдэкIыу абыхэм ират сом зы мелуан.

2023 гъэм и щIышылэм щегъэжьауэ сабийхэм папщIэ адэ-анэхэм ират ахъшэр къазэрыIэрыхьэну щIыкIэр нэхъ тынш, нэхъ зэIубз хъунущ.

Ди республикэм щефIэкIуащ бын куэд зиIэ унагъуэхэм зэрызыщIагъакъуэу щыIэ Iэмалхэр. Бын етхуанэ къызыхэхъуэ унагъуэхэм зэрыIыгъыу яIэрохьэ сом мин 250-рэ. Ар трагъэкIуэдэн хуейщ я псэупIэр ирагъэфIэкIуэным. Мы Iуэхур къызэрыхэтлъхьэрэ ахъшэр яIэрыхьащ бын куэд зиIэ унагъуэ 1513-м щIигъум, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

«Анэм и щIыхь» медалыр зыхуагъэфащэхэм теухуауэ жиIащ:

- Анэхэр нэхъри дгъэлъапIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу бын куэд зиIэхэм яхудогъэфащэ «Анэм и щIыхь» медалыр, ахъшэ саугъэт щIыгъуу. Бын къэс ялъос сом мин пщIырыпщI. Ауэ дэ дыхуейщ ар сом мин 30-м нэдгъэсыну икIи абы теухуа тхыгъэр КъБР-м и Парламентым едгъэхьащ.

Iэтащхьэм къыхигъэщащ республикэм сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ щагъуэт медицинэ, егъэджэныгъэ Iуэхутхьэбзэхэр илъэс къэс зэрефIакIуэр, унагъуэхэми ар щIэгъэкъуэнышхуэ зэрахуэхъур.

Абы жиIащ бын куэд зиIэ унагъуэхэм яхуэфащэ гулъытэ яхуэщIыныр дяпэкIи къэралым и нэIэ зэрыщIэтынур.

- Нобэ къедгъэблэгъащ унагъуэшхуэхэм я жьэгур зыгъэхуабэ, пщIэ яIэу цIыху зыгъасэ анэ лъапIэхэр. Абыхэм дэ я цIэ идоIуэ «Анэм и щIыхь» медалымкIэ.

КIуэкIуэ Казбек щхьэхуэу къыхигъэщащ Аушыджэр къуажэм щыщ анэ, бынипщI зыпI Хъромэ Альбинэ. Абы иратынущ автобус цIыкIу. *(Хъромэхэ я унагъуэм теухуа тхыгъэм фыкъыщеджэ нобэрей ди къыдэкIыгъуэм и 4-нэ напэкIуэцIым).*

- Анэхэм сащытепсэлъыхькIэ, я цIэ къисIуэну сыхуейщ лIыгъэ яхэлъу я щIалэхэр зыгъэса анэхэм, нобэ къэралым къыщхьэщыжхэм. Я къалэныр екIуу ирахьэкIауэ, узыншэу къагъэзэжыну Тхьэм жиIэ, - хъуэхъуащ Iэтащхьэр, икIи дыщIигъуащ:

- Фэ щапхъэкIэ фогъэлъагъуэ унагъуэ къалэныр зэрыгъэзэщIапхъэр, бын зэрыгъэсэн хуейр. Фи унагъуэхэм хуэдэхэрщ республикэм щызекIуэ хабзэ дахэхэм я щапхъэр.

Анэхэм къабгъэдэкIыу КъБР-м и Iэтащхьэм, къэралым и къулыкъущIэхэм фIыщIэ яхуищIащ Ахъмэт Мадинэ. Ар къеджащ анэхэм теухуауэ иуса сатырхэм.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**



**БынипщIым я анэ Хъромэ Альбинэ ягъэлъапIэ.**

«Анэм и щIыхь» медалыр тыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Сабийуэ тху е нэхъыбэ тэмэму зэрапIам папщIэ «Анэм и щIыхь» медалыр етын:

**АфIэунэ Джамилэ Алий и пхъум** - сабийуэ 6-м я анэм
**Ахъмэт Мадинэ Сэфарбий и пхъум** - сабийуэ 5-м я анэм
**Ахъмэт Iэсият Хьэнащхъуэ и пхъум** - сабийуэ 5-м я анэм
**БжыкIший Iэсият Владимир и пхъум** - сабийу 5-м я анэм
**Бикъан Мадинэ Ахъмэт и пхъум** - сабийуэ 6-м я анэм
**Геляховэ Мариям Даниял и пхъум** - сабийуэ 5-м я анэм
**Жаппуевэ Марианнэ Хьэсэн и пхъум** - сабийуэ 5-м я анэм
**Заптий Иринэ Замир и пхъум** - сабийуэ 5-м я анэм
**Къуныжь Маринэ Къадир и пхъум** - сабийуэ 5-м я анэм
**КIущ Оксанэ ХьэзрэIил и пхъум** - сабийуэ 6-м я анэм
**Лелюкаевэ ФатIимэ Сэлихь и пхъум** - сабийуэ 5-м я анэм
**Мусуковэ Сэкынат Ахъмэт и пхъум** - сабийуэ 5-м я анэм
**Панченкэ Аннэ Александр и пхъум** - сабийуэ 5-м я анэм
**Пасечник Татьянэ Пётр и пхъум** - сабийуэ 5-м я анэм
**Резниченкэ Ларисэ Николай и пхъум** - сабийуэ 5-м я анэм
**Руденкэ Маринэ Александр и пхъум** - сабийуэ 5-м я анэм
**Тетуевэ Алёнэ Владимир и пхъум** - сабийуэ 5-м я анэм
**Тудуевэ Светланэ Мусса и пхъум** - сабийуэ 7-м я анэм
**Хьэнэ Марие Мулид и пхъум** - сабийуэ 5-м я анэм
**Хъромэ Альбинэ Мухьэмэд и пхъум** - сабийуэ 10-м я анэм
**Емыгъэхъу Ольгэ Иван и пхъум** - сабийуэ 5-м я анэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ**
**КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м*
*№123-УГ*

## «Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ

ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэхэ!

ЩIидзауэ йокIуэкI 2023 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ тедзэныр. «Адыгэ псалъэр» зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ мази 6-м ди газетым и уасэр:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 801-рэ кIэпIейкIэ 72-рэщ;

фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 728-рэ кIэпIейкIэ 64-рэщ.

Ди индексыр П 5894

# Къэрал унафэр даIыгъыу

**Урысей Федерацэм Украинэм щригъэкIуэкI дзэ операцэ хэхар зэрыдаIыгъыр щэкIуэгъуэм и 25-м Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщагъэлъэгъуащ. Абы теухуа пэкIу Налшык щекIуэкIащ. Зэхыхьэм хэтащ республикэм щыIэ политикэ партхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр.**


Сэхъурокъуэ Хьэутий


Жанатаев Сэлим

- ИЛЪЭС куэд хъуауэ Украинэм щыдакъузэ ди лъэпкъэгъухэр, гугъу ирагъэхьым и мызакъуэу, яукIахэри мащIэкъым. Ди къэралым и Президент Путин Владимир ди гъунэгъухэр зыбжанэрэ къыхуриджащ лей зэрахьэныр ягъэувыIэну, урысыбзэр зи анэдэлъхубзэхэм ар памыубыдыну, арщхьэкIэ Украинэм и унафэщIхэм а псалъэхэм мыхьэнэ иратакъым. ИкIэм-икIэжым, щытыкIэр зауэ зэщIэхъееныгъэм щыхуэкIуэм, Урысейм и дзэм и командующэ нэхъыщхьэм унафэ ищIащ ди гъунэгъу къэралым дзэ операцэ хэха щригъэкIуэкIыну, Украинэм ди къэрал гъунапкъэхэм пэмыжыжьэу IэщэкIэ зэрызызэщIиузадэр хуимыдэу икIи лъэпкъ зэхэгъэжым и лей зытехьэхэм къащхьэщыжыным ехьэлIауэ, - къызэIуихащ пэкIур КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим. - Операцэ хэхам щыщIидза махуэм щегъэжьауэ ди республикэр жыджэру хэтщ Донбассым щытыкIэ гугъу щихуа цIыхухэм ядэIэпыкъуным хуэунэтIа Iуэхугъуэхэм. Мазаем щегъэжьауэ КъБР-м икIыу гуманитар дэIэпыкъуныгъэу а щIыналъэм ирагъэшащ тонн 500-м щIигъу. Ди цIыхухэр а Iуэхум зэрителъхьэм, зэрызэкъуэтым иджыри зэ щыхьэт техъуащ фокIадэм ди къэралым зыщыщIидза мобилизацэр. Дзэм нэхъ пасэу къулыкъу щызыщIахэр абы еджэжыным теухуа планыр къэралым и щIыналъэхэм япэу щызыгъэзэщIахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. ЦIыхубэр Президентым ихъуреягъкIэ щызэщIэуIуащ. Апхуэдэу къакъуэува цIыхухэри утыку къранакъым къэрал унафэщIхэм. Дзэм щраджэм абы зэрызыхуагъэхьэзырам пэкIуэу компенсацэхэр унагъуэхэм иратащ, къэрал унафэкIэ Iэщэ къэзыщтэжахэм мазэ къэс ди республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мин 25-кIэ зыщIагъэкъуэнущ.

Урысей Федерацэм и Коммунист партым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Кондратьев Дмитрий къыхигъэщащ къэралым и Президентым къыхилъхьа дзэ операцэ хэхар коммунистхэм зэрыдаIыгъыр. «Иджырей щытыкIэм къежьапIэ хуэхъуар Киев щекIуэкIа майданырщ. КъухьэпIэ хэкухэм я дэIэпыкъуныгъэкIэ Украинэм текъузэныгъэкIэ къэрал зэхъуэкIыныгъэ щрагъэкIуэкIащ. А лъэхъэнэм къыщыщIэдзауэ илъэсийм къриубыдэу Донецк, Луганск республикэхэм щыпсэу цIыхубзхэм, лIыжь-фызыжьхэм, сабийхэм лагъымкIэ къахэуэу гузэвэгъуэ хагъэтащ, сыт и лъэныкъуэкIи зэрагъэкIуэдын Iэмалхэр кIэлъызэрахьэн щIадзащ, цIыху мамыр мин бжыгъэхэр яукIащ. Зи псэхэр ягъэна сабий щэ бжыгъэхэм я фэеплъу Донецк къыщызэIуахащ «МелыIычхэм я аллее». Апхуэдэ къэрал ухуэкIэщIэмкIэ зэрымыарэзыр къэзыгъэлъэгъуа Кърымым щыпсэухэм референдум ирагъэкIуэкIри, Украинэм адэкIэ хэтыну хуэмейуэ унафэ къыщащтащ. IэщэкIэ къэралым зэхъуэкIыныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIар зэрамыда къудейм щхьэкIэ хытIыгуныкъуэм щыпсэухэм электрокъарури псыри паубыдын щIадзащ нацистхэм. США-мрэ абыхэм я акъылэгъухэмрэ IэщэкIэ зэщIаузадэ бандерэ лIыукIхэр нобэми я мурад фIейхэм къапыкIакъым, - щыжиIащ зэхыхьэм Кондратьевым. - Ди республикэм щыщу дзэ операцэ хэхам хэт зауэлIхэм лIыхъужьыгъэ, гъэсэныгъэ нэс къагъэлъагъуэу я къулыкъур ирахьэкI. ФIыщIэ ин яхуэфащэщ апхуэдэ щIалэхэр зыгъэса адэ-анэхэм, лъэпкъхэм. Украинэм фашистхэр игъэкъэбзыкIауэ мамыр псэукIэ щызэтегъэувэжыныр ди къэралым и мурад нэхъыщхьэщ. Ар къыдэхъулIэн папщIэ дызэкъуэувэн хуейщ».



ПэкIум хэтащ «Удзыфэхэр» урысейпсо экологие партым и лIыкIуэхэри. Абы и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Щхьэгъэпсо Сэфарбий и псалъэхэм къыхэщащ зауэ IэнатIэм Iут ди лъэпкъэгъухэм сыт и лъэныкъуэкIи мы зэман гугъум защIэгъэкъуэн зэрыхуейр. «Ди къэралым и щхьэхуитыныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ зыхъумэу дзэ операцэ хэхам хэт ди лъэпкъэгъухэм мылъку къудейкIэ зэрызащIэдгъакъуэм и мызакъуэу, гурэ псэкIэ зэрыдэтIыгъри егъэлъагъун хуейщ. ДифI зезымыхуэ къэралхэм илъэс куэд хъуауэ дунейпсо экономикэр зэрызэтракъутэным яужь итщ. Апхуэдэу абыхэм зэхакъутащ Иракымрэ Ливиемрэ. Сириеми а Iэмалхэр къыщагъэсэбэпыну мурад щащIати, Урысей лъэщым и фIыгъэкIэ къехъулIакъым. Иджыпсту махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу ди къэралым санкцэщIэхэр къыхуагупсыс, ди спортсменхэр дунейпсо зэхьэзэхуэхэм къыхагъэкI. Иджыри зэ фигу къэзгъэкIыжыну сыхуейщ сэ си ныбжьхэр щыпсэуа къэралышхуэр зэрыкъутэжам абыхэм я Iэужь зэрыхэлъри. СССР-м дуней псом и Iыхьэ ханэр иубыду щытащ. Ар Ленинымрэ Сталинымрэ, Павловымрэ Мечниковымрэ, Гагаринымрэ Королёвымрэ, Къардэн Къубатийрэ Байсултанов Алимрэ, КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я къэралу щытащ, - жиIащ Щхьэгъэпсом. - Ди республикэм и Iэтащхьэр зыбжанэрэ кIуащ ди щIалэхэм къулыкъу щрахьэкI щIыналъэхэм, гуманитар дэIэпыкъуныгъэхэр яIэригъэхьащ, я щытыкIэм зэпыу имыIэу зыщегъэгъуазэ. Тхьэм солъэIу ди щIалэхэр икIэщIыпIэкIэ узыншэу къытхуекIуэлIэжыну».

- Ди зауэлIхэм текIуэныгъэр къытхуахьыну дыпоплъэ. Нобэ хуэдэ пэкIу дахэкIэ ахэр мы утыкум къыщедгъэблэгъэжынущ. Ди фIэщ мэхъу ди лъэпкъ лъэщым и захуагъэм тепщэныгъэ иубыдыну икIи Тхьэшхуэм абыкIэ дыщогугъ. ЗэрыжаIэщи, «Тхьэм елъэIу, уэри умыгъэщIэхъу». ЛъэныкъуэкIэ деувэкIауэ нобэрей Iуэхум дыхэплъэу дыщыт хъунукъым, атIэ сыт и лъэныкъуэкIи ди къэралым и текIуэныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуэтщIынум фыкъыхузоджэ. Тхыдэм къыщыхъуакъым Урысей лъэщыр зыгуэрым къригъэкIуэтауэ, апхуэдэ мурад зыщIахэм ар къазэремыхъулIэнур иджыри зэ наIуэ ящытщыжыпхъэщ! - зэхуигъэзащ пэкIум къекIуэлIахэм Дунейпсо Адыгэ Хасэ и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Урысей Федерацэм иригъэкIуэкI дзэ операцэ хэхам зэрителъхьэр къызэхуэсахэм я пащхьэм щыжаIащ къэрэшейбалъкъэр щIалэгъуалэм зегъэужьыным кIэ фондым и Налшык къалэ къудамэм и унафэщI Анаев Марат, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм, нэгъуэщIхэми.

**ЖЫЛАСЭ Замир**.


Кебеков Владимир


*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Пщэрылъхэр ягъэбелджылы

● КъБР-м и Правительствэм

**Дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и унэм щекIуэкIащ гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и зи чэзу зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий. Зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэхэу Къуныжь МуIэед, Говоров Сергей, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэм и Аппаратым КъБР-мкIэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат сымэ.**

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим** къызэхуэсахэм яхузэпкърихащ я псэупIэр ябгынэн хуей хъуауэ Херсон къалэ, Херсон областым и щIыпIэхэм къикIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэIэпхъуахэм зэрыпсэун мылъкурэ щыпсэун унэрэ зэрагъэпэщын папщIэ хухах ахъшэ зэуIумрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмрэ къызэгъэпэща зэрыхъу щIыкIэр. Зи гугъу тщIыхэм къэралым ярит псэупIэ сертификатыр яIэрыхьэным теухуауэ Правительствэм и унафэм и проектым арэзы техъуащ къулыкъущIэхэр.

КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министр **КIурашын Анзор** зи гугъу ищIа унафэм и проектыр щыхьэт тохъуэ министерствэм нэгъуэщI къулыкъущIапIэхэм ярищIылIэ зэгурыIуэныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къыбгъэдэкIыу КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым Iэ щIидз зэрыхъунум.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкIэ и министр **Асанов Алим** дэхуэхахэм ядэIэпыкъуным пыщIа Iуэхугъуэ зыбжанэ правительствэ зэIущIэм хэтхэм я пащхьэ кърихьащ. КъБР-м и Iэтащхьэм унафэ зэрищIам тету, Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэхухэм къулыкъу щащIэну ираджэжа псоми мазэ къэс сом мин 25-рэ ират. Абы щыхэкIуадэ ди щIалэхэм я унагъуэхэм республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан зырыз хухах, уIэгъэ хьэлъэ хъуахэм дэтхэнэми - сом мин 300, фэбжь зыгъуэтахэм сом мини 100.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэху псоми ятеухуа унафэ къащтащ, ахэр гъэзэщIэныр зи къалэн IэнатIэхэм яхуэгъэза пщэрылъхэр ягъэбелджылащ

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**.

● ЗэIущIэхэр

# Гъэсэныгъэр къыщежьэр

**«Иджырей лъэхъэнэм и гъэунэхуныгъэхэмрэ цIыхум и гъэсэныгъэмрэ» зыфIаща XXXI дунейпсо егъэджэныгъэ Iуэхухэм хыхьэу, КъБР-м и Парламентым дин лэжьакIуэхэмрэ жылагъуэм и лIыкIуэхэмрэ хэту гъэ къэс къызэригъэпэщ зэхуэсхэр иджы ебланэу Налшык щекIуэкIащ.**

ЯПЭ зэIущIэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыIащ. Ар зытеухуауэ щытар щIалэгъуалэм мы зэманым тегъэщIапIэ ищIын хуей лъапIэныгъэхэрщ.

Iуэхум хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Лу Азэмэт**, КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министр **КIурашын Анзор**, дин лэжьакIуэхэр, ЩIалэгъуалэ палатэм щыщхэр.

Псом япэу абыхэм зыщагъэгъуэзащ КъБКъУ-м и щэнхабзэ центрхэм (ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ Адыгэ щэнхабзэ центрым, Отаров Керим и цIэр зезыхьэ Балъкъэр щэнхабзэмкIэ центрым, Урысыбзэмрэ щэнхабзэмкIэ щIэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым) я лэжьыгъэм.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ** жиIащ я еплъыкIэхэр наIуэ къащIын папщIэ, щIалэгъуалэмрэ нэхъыжьхэмрэ зэхуэдэ хуитыныгъэ яIэу зэпсэлъэным мыхьэнэшхуэ иIэу къызэрилъытэр. Сыт хуэдэу щытыну ди къэралыр илъэсипщI дэкIмэ? Сыт нэхъыбэу ягъэлъэпIэнур цIыхухэм? Мы упщIэхэр къыщаIэтащ зэIущIэм.

- ИкъукIэ зэман гъэщIэгъуэн дыщопсэу иджыпсту. IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, «тхыдэм зыкъыщигъэш лъэхъэнэм». ЗэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщыхъу зэманщ ар, икIи адэкIэ къэхъунум догупсыс. КъыдгурыIуэну дыхуейщ нобэрей Урысейр сыт хуэдэми, ар илъэси 10 дэкIмэ зыхуэдэнури, - къыхигъэщащ Емузым. - Иджыблагъэ Валдай къалэм щекIуэкIа зэхуэсым Урысейм и Президент Путин Владимир щыжиIащ: «Дунейм и хабзэщIэхэм я бжэщхьэIум иджыпсту дыдетщ, дыщебэкъуэну пIалъэр къэсауэ. Дуней зэхущытыкIэхэм захъуэж икIи къытпэщылъ илъэсипщIыр нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщынущ. Зы къэрал е тIу дуней псом щытепщэу щыщыта зэманыр еух. ПсэукIэщIэм дытехьэн хуейщ». Къэралым и Iэтащхьэм жиIари къатщтэмэ, иужьрей илъэс 30-ми дыпхрыплъыжмэ, иджы наIуэу долъагъу псом ди зэхуэдэ гупсысэ, мурад пыухыкIа щымыIэу псэукIэр зэрызэтомыублэфынур. ТIэщIэхуащ пщIэрэ щIыхьрэ жыIэгъуэм я мыхьэнэри. Абы къыхэкIыу, щэкIуэгъуэм и пэм Урысейм и Президентым къыдигъэкIа унафэм, псэкупсэ-гъэсэныгъэ лъапIэныгъэхэр хъумэным ехьэлIауэ къэралым гулъытэ зыхуищIыпхъэхэм я лъабжьэр къэщтэным теухуам, къару зэригъуэтар дызэрыгушхуэнщ. Дэтхэнэри дызэупщIыжын хуейщ: Сыт хуэдэ къэрал дыщыпсэуну дызыхуейр?! Сыт абы щхьэкIэ сщIэр?! - жытIэу. СызэреплъымкIэ, зэхъуэкIыныгъэхэм къыщыщIэдзэн хуейщ цIыхум и псэм, и гъэсэныгъэм деж. Аращ 1990 гъэхэм гулъытэ зиIэн хуеяр. Иджыпсту апхуэдэ Iэмал диIэщ.

Профессор, КъБКъУ-м урысыбзэмрэ бзэщIэныгъэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщI **Башиевэ Светланэ** тепсэлъыхьащ щIалэгъуалэм псэкупсэ къулеигъэр къазэрыгурыIуэр зрагъэщIэн мурадкIэ, студентхэм драгъэкIуэкIа къэхутэныгъэм кърикIуам. Абы зэрыжиIамкIэ, зэпсэлъа цIыхуи 120-м я жэуапхэм тепщIыхьмэ, щIалэгъуалэм я нэхъыбэм (езанэ, етIуанэ курсхэм щIэсхэм ящыщу) ящIэркъым псэр къулей зыщIыр къызэрагъэлъэгъуэнумрэ ар цIыхум и гъэсэныгъэм зэрепха щIыкIэмрэ.

- Дэтхэнэ цIыхуми и псэр къулей зыщIыр нэгъуэщIым пщIэ хуищIу зигъэсэнырщ, и зыIыгъыкIэм кIэлъыплъынырщ, гуапагъэм хуэпабгъэнырщ, захуагъэм и телъхьэу щытынырщ. Мыбдеж къыхэзгъэщыну сыхуейт нэхъ пасэм ди япэ ита нэхъыжьхэм щIэныгъэ ямыIами, а зи гугъу сщIа псори абыхэм зэрахэлъар. Гамзатов Расул зэгуэр еупщIауэ щытат щIэныгъэшхуэ бгъэдэлъу къилъытэр хэтми. Абы жиIарат: «ЕджэкIи тхэкIи имыщIэу, ауэ пэшым сабий нэгъунэ къыщыщIыхьэкIэ зэпымыууэ къэтэджу щыта си адэшхуэращ». Абы сытыт къикIыр? Шэч хэмылъу, гъэсэныгъэ зэрыхэлъырт, зэрыщапхъэрт, - жиIащ Башиевэ Светланэ.

Лу Азэмэт тепсэлъыхьащ псэкупсэ-гъэсэныгъэ лъапIэныгъэхэр хъумэным ехьэлIауэ къэралым гулъытэ зыхуищIыпхъэхэм теухуауэ тегъэщIапIэ пщIы хъунур къызэращтам.

- СызэреплъымкIэ, илъэс 20-кIэ узэIэбэкIыжмэ, къащтэн хуея унафэщ ар. СССР-р щылъэлъэжам нэгъуэщI лъапIэныгъэхэрщ дыздрагъэплъейуэ щытар. Ауэ абыхэм зэхъуэкIыныгъэхэр ягъуэтауэ жыпIэ хъунущ 2000 гъэхэм Путин Владимир и къулыкъум щыпэрыувам. Хуэмурэ Урысейм къэралу зиужьыжын щIидзащ, мурадыщIэхэр къэунэхуащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэман куэд текIуэдащ абы дыхуэкIуэным, - жиIащ министрым.

Апхуэдэуи абы дыщIигъуащ мы зэманым къыдэкIуэтей щIэблэм зегъэужьыным къэралым гулъытэ хэха зэрыхуищIыр. «Къэбэрдей-Балъкъэрым а ныбжьым хиубыдэу цIыху мин 263-рэ диIэщ икIи мыхьэнэшхуэ идот ахэр зыхущIэкъухэр, я гугъуехьхэр, Iуэху еплъыкIэхэр зэдгъэщIэным, - жиIащ министрым. - Сыт щыгъуи жыдоIэ щIалэгъуалэр зыгъасэр псом япэу унагъуэмрэ зыхэт гупымрэ арауэ. Абы щыгъуэми, сэ сызэреплъымкIэ, иджырей IэмалыщIэхэмрэ Интернетымрэ къежьэу ахэр ди гъащIэм къыхыхьэпа нэужь, ди пщэрылъу щыта къалэнхэр тIэщIэкIащ. Нэхъ и пэкIэ сабийм егъэджакIуэм и мыхьэнэр зэрилъагъуу щытамрэ иджы къызэрыщыхъумрэ зэрызэхуэмыдэр къыдгурыIуэу ар зэрыдунэтIыну Iэмалхэм дегупсысын хуейщ.

КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и институтым и 4-нэ курсым щIэс **Къэжэр Хадижэ** жиIащ иджырей щIалэгъуалэм нэхъыбэу мыхьэнэ зритыр уасэ зиIэ Iуэхухэр зэрыарар, абы щыхьэт зэрытехъуэр и диплом лэжьыгъэм ипкъ иткIэ иригъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр. Хъыджэбзым зэрыжиIамкIэ, зи ныбжьыр илъэс 14 - 18 хъухэм насыпыр зрапхыр ахъшэращ, ауэ зи ныбжьыр илъэс 20 - 25-хэм ягъэлъапIэр, насыпыр зыхалъагъуэр унагъуэращ. Иужьрейм уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым.

КъБКъУ-м ПедагогикэмкIэ, психологиемрэ физическэ-спорт егъэджэныгъэмкIэ и институтым и 3-нэ курсым щеджэ **Тамазэ Элинэ** жиIащ щIалэгъуалэм я гъэсэныгъэм гугъуехь хэлъхэр мы зэманым адэ-анэхэр зэрыхущIэмыхьэм, къахукъуэкI Iуэхухэм зэгъусэу тепсэлъыхьыну Iэмал зэрамыIэм зэрырипхыр. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, цIыхум нэхъыбэрэ уахыхьэным, гуп хэтыкIэм зыхуебгъэсэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Езым университетым къыщызэрагъэпэщ гупжьейхэм кIуэн зэрыщIидзэрэ, фIыуэ и къэухьым зэрызригъэужьар щапхъэу къиxьащ пщащэм.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**






# Iуащхьэмахуэ зи плъапIэхэр

**Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупIэхэм («Архъыз», «Iуащхьэмахуэ», «Ведучи») бгы-лыжэ къежэхыгъуэр къыщызэIуах.**

КIАПСЭ гъуэгухэмрэ техникэ хуэIухуэщIэхэмрэ я щытыкIэр къапщытащ, къэжыхьыпIэхэр уэсымкIэ щIагъанэ. «Ведучи» и гъуэгухэр сыт и лъэныкъуэкIи хьэзырыххэщ, «Iуащхьэмахуэ» - щэкIуэгъуэм и 19-м, Архъыз - дыгъэгъазэм и 1-м къызэIуахынущ, - жиIащ «Кавказ. РФ» АО-м и генеральнэ унафэщI ТIымыжь Хьэсэн.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ «Iуащхьэмахуэ» и Гарабаши-Мир къэжыхьыпIэм телъ уэсыр 1 метрым щIегъу. Бгым къежэхыну хуейхэр мы тхьэмахуэм техьэ хъуну хьэзырщ. Мы зэманым зыгъэпсэхупIэм и къэжыхьыпIэ нэхъ лъахъшэхэми («Кругозор» станцым къыщыщIэдзауэ Азау удзыпцIэм нэс) уэсыр траудэ.

Жэпуэгъуэм и кIэм щегъэжьауэ Iуащхьэмахуэ щекIуэкIащ бгы-лыжэ спортымкIэ зэхьэзэхуэу 40-м нэс. УнафэщIым зэрыжиIамкIэ, мы тхьэмахуэм лыжэхэмрэ сноубордымрэ я къызэкъуэхыгъуэ дахэщ, хьэщIэ куэд къахуэкIуэну поплъэ. КъищынэмыщIауэ, нэгъабэ мыбы щызекIуа уасэхэм щIагъуэу захъуэжынукъым.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

# Мы махуэхэм

**ЩэкIуэгъуэм и 26,**
*щэбэт*

♦**Информацэм и дунейпсо махуэщ**
♦**ВакъащIэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Абхъазым и Конституцэм и махуэщ**
♦**1832 гъэм** къызэрагъэпэщащ Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я Штаб нэхъыщхьэм и Дзэ академиер.
♦**1952 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щIыхь зиIэ и художник **Хьэгъундокъуэ Мухьэмэд**.
♦«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Жыласэ Маритэ** къыщалъхуа махуэщ.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 7 - 8, жэщым - градуси 7 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 27,**
*тхьэмахуэ*

♦**Урысей Федерацэм и тенджыз Iуфэ лъэсырыкIуэдзэм и махуэщ**
♦**1946 гъэм** къалъхуащ Физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Хьэжы Анатолэ**.
♦**1951 гъэм** къалъхуащ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дадэ Суфэдин**.
♦**1957 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ фондым и унафэщI **ЩоджэнцIыкIу Леонид**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градуси 7 - 8, жэщым - градуси 6 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 28,**
*блыщхьэ*

♦**ГущIэгъу зэхуэщIыным и дунейпсо махуэщ**
♦**1926 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министру, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и секретару щыта **Уэрсей Фаинэ**.
♦**1939 гъэм** къалъхуащ хормейстер, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Бицу Юрэ**.
♦**1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ, техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, «Къэббалъкъремстрой» ОАО-м и унафэщI **ГъуэплъащIэ Алексей**.
♦КъБР-м и цIыхубэ артисткэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, къэфакIуэ Iэзэ **Шортэн Аллэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦**1963 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Налшык» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Болэт Арсен**.
♦Къэрал лэжьакIуэ, политик, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **ДыщэкI Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр - градуси 5 - 6, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Псы къэмыжкэм псыхьэлыгъуэ хыумыш.**

### Пщэдей Анэм и махуэщ

# Жьэгу мафIэм хуэдэу хуабэ лъагъуныгъэ



**Пщэдей, щэкIуэгъуэм и 27-м, ди къэралым щагъэлъапIэ Анэм и махуэр. «Махуэрыбжэм къыхэгъэбелджылыкIахэм я нэхъыщхьэ дыдэщ Анэм и махуэр», - жысIэми сыщымыуэну къысщохъу, сыту жыпIэмэ анэращ псори дунейм дыкъытезыгъэхьар, ди гъащIэм и щIэдзапIэри аращ. Зэрыжа Iащи, быным дежкIэ жьэгу мафIэ щабэм хуэдэу хуабэщ анэм къыбгъэдэкI лъагъуныгъэр. Ар гъунапкъэншэщ, лъащIэншэщ, къаруушхуэрэ зэфIэкIышхуэрэ зиIэщ. Зы ани щыIэкъым и быным и насып, и зэпэщыныгъэ папщIэ хулъэкI псори имыщIэну.**

ЗИ гугъу тщIы махуэшхуэр ди къэралым зэрыщагъэуврэ илъэс 25-м нэсащ. Абы теухуа унафэ щхьэхуэ УФ-м и Президентым къищтауэ щытащ 1998 гъэм икIи илъэс къэс щэкIуэгъуэм и иужьрей тхьэмахуэ махуэм догъэлъапIэ. Анэм и пщIэр армырами зэрылъагэр, абы хуэдэу псэ хьэлэлрэ бзэ IэфIрэ, гу зэIухарэ Iэ щабэрэ Тхьэшхуэм зрита абы къигъэщIахэм зэрахэмытыр хьэкъщ игъащIэми, итIани къэрал унафэкIэ ягъэува а махуэщIым иджыри зэ къегъэлъагъуэ жылагъуэм и дэтхэнэ цIыхуми я дежкIэ анэм мыхьэнэуэ иIэр, абы гулъытэ хэха зэрыхуэщIыпхъэми аргуэру гу лъыдегъатэ.

Бзылъхугъэм и къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ анагъэр икIи анэм сабийм хуищI гулъытэм, абы къыпкърыкI лъагъуныгъэмрэ лъэкIыныгъэмрэ куэдкIэ елъытащ быным и Iуэхур адэкIэ зэрыхъунур, гъащIэм щигъуэтыну увыпIэр, нэгъуэщI куэди. Ди анэхэращ тхэлъ хьэл-щэнхэм я нэхъыфIхэр къытхэзылъхьэфыр, ахэращ ди насыпыр зэтеувэнымкIэ гугъу зыкъыддезыгъэхьыр, балигъ дыхъуами, дафIэсабийуэ дапщэщи къытхуэсакъыр.

Анагъэм пылъ къалэнхэр нэхъ тэмэму зэфIэха хъун папщIэ, ди къэралым щолажьэ социальнэ проект хэхахэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри анэхэм я пщIэм хэзыгъахъуэщ, мылъкукIэ защIэзыгъакъуэщ, я къалэнхэр къащызыгъэпсынщIэщ. 2007 гъэ лъандэрэ Урысей Федерацэм и щIыналъэ псоми щолажьэ «Анэм и мылъку» программэ хэхар. Анэхэм хухах мылъкур, сом мин 250-у къежьа дэIэпыкъуныгъэу сабий етIуанэ (ещанэ...) зыгъуэт анэм иратым хэхъуэ зэпытщ. Щыпэлъхум ирату 2022 гъэм ягъэува сом мин 524,5-р къэзымыгъэсэбэпа анэм, анэм (унагъуэм) сабий етIуанэ ягъуэтмэ, сом мин 693,1-рэ ират. А мылъкур зэрыхъунур гъэ къэс щIэрыщIэу къабжыж, къэралым ахъшэр пуд зэрыщыхъум елъытауэ. Апхуэдэ къэрал дэIэпыкъуныгъэхэм хэпщIыкIыу ирагъэфIакIуэ щIыналъэхэм щыщыIэ демографие щытыкIэр, сабий зэзыгъэгъуэтыну хуей унагъуэхэри абы нэхъри трегъэгушхуэ.

Анагъэм къыдэкIуэу, ди бзылъхугъэхэм ящыщ куэдым я къарурэ зэфIэкIрэ ирахьэлIэ ди къэралым, республикэм я зыужьыныгъэр егъэфIэкIуэным, экономикэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэр къэIэтыным. Дэ ди мащIэкъым зи цIэр фIыкIэ Iуа бзылъхугъэ-политикхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, медицинэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, сатум, гъащIэм и нэгъуэщI лъэныкъуэхэми ехъулIэныгъэ лъагэхэр щызыIэрызыгъэхьа цIыхубзхэр. Абыхэм я нэхъыбэр анэ быныфIэщ, анэшхуэ Iумахуэщ.

Бзылъхугъэу щыIэм я нэхъ лъапIэм, анэм, быным я дунейр яхуэзыгъэнэху, я гъащIэр яхуэзыгъэIэфI цIыхум, хуэмыфащэ псалъэ дахэ бзэм хэмытми ярейщ. Анэ псоми дохъуэхъу я махуэшхуэмкIэ. ЩIэблэмкIэ яIэ хъуэпсапIэхэр нахуапIэ хъууэ, абыхэм я гузэвэгъуэ ямылъагъуу, я гулъытэ щымыщIэу, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ быным кърату куэдрэ Тхьэм игъэпсэу. Анэ уиIэу, абы и псалъэ зэхэпхыу, и нэгу гуапэм уиплъэу, и Iэ щабэхэр къодэхащIэу дунейм утетыныр зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ фIыгъуэщ быным дежкIэ. А фIыгъуэм и нэхур иджыри зыхуэблэхэр фахуэсакъ фи анэхэм.

Ди анэ IэфIхэм папщIэ дыщывмыгъэсхь псалъэ гуапэрэ дахэрэ. Хуремыныкъуэ ахэр ди гумащIагърэ хуабагърэ!

**КЪАРДЭН Маритэ.**

## IУТIЫЖ Борис

## Анэпсэ

**Гупсысэм гупсысэ кърохъуэ…**
**Гу узыр бгъэ узым йотIыхь…**
**Анэпсэр быныпсэм къылъохъуэ…**
**Быныпсэр анэпсэм йопщIыхь …**
**Анэпсэр ар псынэщ… Ар псысэщ…**
**Ар псатхьэщ… Ар тхьэхэм я тхьэжщ…**
**А тхьэр тщхьэщытыхукIэ тхуэупсэу,**
**Дэ сытри тлъэкIын ди гугъэжщ…**
**Анэпсэр тщхьэщыкIмэ, итIанэ**
**Нэхъ щIыIэу мо дыгъэри къопс…**
**Уэ сытри бдэхуабэт, си Нанэ**
**ЗэмыкIури зэкIу пщIыфу ушхэпст…**
**Гъэ плIыщIыр хэщIауэ гъуэгуанэм,**
**Сэ гъащIэм мыр хьэкъ къысщищIащ:**
**Балигъ цIыхур щыхъур и анэр**
**Дунейм щехыж махуэр аращ.**

# Быным къару яхэзылъхьэ гурыщIэ

**КъыпхуэмыIуэтэным хуэдиз мыхьэнэ инрэ гурыщIэ абрагъуэрэ къызэщIэзыубыдэ псалъэу щыIэр а зыращ: хьэрфышхуэ защIэкIэ дапщэщи птхыну зыхуэфащэ АНЭ псалъэращ. Анэм игури и псэри сыт щыгъуи хузэIухащ быным. Адэм унагъуэм щиIэ мыхьэнэшхуэр зыкIи дымыгъэлъахъшэу жыдоIэ: «Анэр быным я нэхущ, я гъащIэ гъуазэщ, я щапхъэщ».**



**Хъуромэхэ Русланрэ Альбинэрэ**. *2000 гъэ*

ШЭРЭДЖ щIыналъэм хиубыдэ Аушыджэр жылэ цIэрыIуэм щыпсэу унагъуэ дахэхэм, фIыгъуэшхуэ зэрылъхэм ящыщщ Хъуромэхэ Русланрэ Альбинэрэ ейр. «Унагъуэм я нэхъ фIыгъуэр сыт?» - жыпIэрэ ущIэпщIэмэ, ар зэщхьэгъусэхэм Тхьэшхуэр къазэрыхуэупса я бын дыгъэхэращ: щIалитхумрэ хъыджэбзитхумрэщ. Нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэм хуэдэщ а цIыкIухэр: Iэдэбщ, жыIэщIэщ, еджэнми зэрехъулIэным хущIокъу.

Я бын цIыкIухэр лъэпкъ хабзэм, нэмысым щIапIыкIыным хущIокъу адэри анэри, атIэми а псоми нэхъыбэу зи нэIэ тетыр, гъэсэныгъэр нэхъ зэгъэбыдылIар Альбинэщ. Ди лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэм тепщIыхьмэ, анэращ щIэблэр гъэсэным пылъ Iуэхугъуэхэм я нэхъыбапIэр зи пщэ къыдэхуэр. Апхуэдэущ мы унагъуэми къызэрыщекIуэкIыр: сабийр цIыкIухукIэ, анэм нэхъ кIэрыщIащ, нэхъ балигъ хъуа нэужь, щIалэхэм адэм и псалъэр я гъуэгугъэлъагъуэщ, хъыджэбз цIыкIухэми анэм и ущиер зыхалъхьэ.

Унагъуэшхуэм я унэгуащэ Альбинэ Нартан адыгэ жылэм къыщалъхуащ. Абы и адэ Нэгъуейхэ Мухьэмэдрэ (и ахърэтыр нэху ухъу) и анэ Ларисэрэ яхулъэкIащ я хъыджэбзым гъэсэныгъэ дахэ халъхьэн. Курыт школыр къиухыу балигъыпIэ иува нэужь, Альбинэ унагъуэ ихьащ. Абы щхьэгъусэ хуэхъуащ Аушыджэр къуажэм щыщхэу Хъуромэхэ Хьэбалэрэ ФатIимэрэ я къуэ Руслан.

- Сызыхэхуа унагъуэр лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ зэрылът. ГуащэфI дыдэ сиIащ сэ (и ахърэтыр нэху ухъу), сыхуэарэзыщ хуабжьу, - жеIэ Альбинэ. - ГъащIэм и зэхэлъыкIэ куэдым сыхуиущиящ анэ етIуанэ схуэхъуа а бзылъхугъэ Iущым. Куэдрэ сыдэпсэуну, сыбгъэдэсыну Алыхьым иухатэкъым: и къуэрылъху нэхъыжь цIыкIуитIым фIэкIа имылъагъуу, ар дунейм ехыжащ.

Альбинэ гуапэу топсэлъыхь и тхьэмадэми, и щхьэгъусэм и анэкъилъхухэми. Абы зэрыжиIэмкIэ, ахэр цIыхуфI защIэщ, езыри къащIэхъуэ бынри я гулъытэ зэрыхуамыгъэныкъуэным хущIокъу. Гуапагъэр зыхуэгъэза сабийхэми адэшхуэр гухэхъуэ щагъащIэркъым, я зэфIэкIхэмкIэ, ехъулIэныгъэхэмкIэ дадэ Iумахуэр ягъэгуфIэ.

Унагъуэ хъуа нэужь, илъэсийкIэ бын зимыIа Русланрэ Альбинэрэ япэу къащIэхъуа щIалэ цIыкIур нэхъыжьхэми зэщхьэгъусэхэми я дежкIэ фIыгъуэшхуэти, «драхьеймэ, мэгъущIэ, кърахьэхмэ, мэщIытэ» жыхуаIэм хуэдэт. Ар 9-нэ классым щIэс Хьэмзэтщ. БалигъыпIэм нэса щIалэ пажэм кIэщIу къыкIэлъокIуэ 8-нэ классым щеджэхэу Каринэрэ Идаррэ, 7-нэм кIуэ Елдар сымэ. А нэхъыжьыIуэхэм куэдкIэ зыкъыкIэрагъэхуркъым Камилэ (ар 5-нэ классщ), Миленэрэ Алинэрэ (ахэр 3-нэ классым щоджэ). Зэшыпхъу цIыкIуитхум я нэхъыщIэ Русалинэ мы гъэм япэ дыдэу школ бжэщхьэIум ебэкъуащ. Ар гукъыдэж иIэу, хуэпIащIэу дерсхэм макIуэ. Зэкъуэшитхум я нэхъыщIэхэм ящыщщ илъэси 6 зи ныбжь Имранрэ унагъуэм гъэфIэну зэкIэ яIэ, илъэси 4 ирикъуа Элмар щIалэ цIыкIумрэ. А цIыкIуитIыр сабий гъэсапIэм йокIуалIэ.

Зэрынэрылъагъуущи, Альбинэрэ Русланрэ я бынхэм яхэткъым я щхьэ бадзэ тезымыхужыф, атIэми абыхэм ящыщ дэтхэнэри хуэныкъуэщ анэм и IэфI, и хуабэ, и гуапагъэ. Альбинэ къыбгъэдэкI а фIыгъуэхэр, быным къару яхэзылъхьэ и гурыщIэ къабзэр яхурокъу унагъуэм ис псоми.

- ЦIыкIухэр махуэм зэбгрокI, щхьэж и къалэн кърихьэлIэну: хэти школым макIуэ, адрейхэри сабий садым щыIэщ. Щхьэгъусэри губгъуэм щолажьэ. Пщыхьэщхьэм псори зэхуэсыжа нэужь, тэмакъкIыхьу, сфIэхьэлэмэту содаIуэ абыхэм махуэр зэрагъэкIуа щIыкIэм теухуа хъыбархэм, зэгъусэу дытопсэлъыхь я ехъулIэныгъэхэм, зыхунэмысахэм, я мурадхэр, ахэр инми-цIыкIуми, къаIуатэ. Апхуэдхэм деж хуабжьу сфIэфIщ быным сахэплъэн, сабий узыншэ къыпщIэхъуэну зэрыфIыгъуэшхуэр си гум щызу илъу. ДыкъэзыгъэщIам фIыщIэ ин хузощI а псоми папщIэ. Дэтхэнэ анэри аращ: быным тегужьеикIауэ гъащIэр ехь. А гурыщIэр елъытакъым бын бжыгъэми абыхэм я зэпэщыныгъэми, - жеIэ Альбинэ. - Нэхъыжь цIыкIухэр унагъуэмкIэ сэбэпышхуэ къытхуохъу, нэхъыщIэхэм якIэлъыплъынымкIи дэIэпыкъуэгъущ. КъинэмыщIауэ, хуабжьу зыкъытщIагъакъуэ ди районым, къуажэм я унафэщIхэм. Сыт хуэдэ Iуэхукlэ сабгъэдыхьэми, дапщэщи зэрыхъукIэ къыздоIэпыкъу, сыкъызэрамыгъэщIэхъуным иужь итщ. Я цIэ къисIуэну сыхуейт Шэрэдж район администрацэм и Iэтащхьэм социальнэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэ Ефэнды Тарезэ, Аушыджэр къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Дзэмыхь Аслъэнджэрий сымэ. Я бынхэм я гуфIэгъуэ ялъагъуу, я Iуэхухэр дэкIыу Тхьэм игъэпсэу!

Тхьэшхуэр къазэрыхуэупсари цIыхухэм къыхуащI гулъытэри апхуэдэу фIыщIэ ящIу мэпсэу Хъуромэ зэщхьэгъусэхэр. Быным папщIэ сыт хуэдэ гугъуехьми пэщIэтыфынущ ахэр, я псалъэхэмрэ IуэхущIафэ нэхъыщхьэхэмри зыхуэгъэпсар къащIэхъуэ щIэблэр фIым, дахэм хуэущиинырщ, гъуэгу захуэ тегъэувэнырщ. Я сабий дыгъэхэм къарурэ гуащIэу ирахьэлIэр абыхэм зэрызэхащIыкIыр щалъагъукIэ, адэ-анэм я лъэр нэхъри егъэжан, дамэ къатрегъакIэ. Апхуэдэхэм деж Русланрэ Альбинэрэ гухэхъуэ ин ягъуэт, гъащIэр къазэрыхуэупса насыпыр, быныр, фIыгъуэ мылъытэу зэрыщытыр иджыри зэ зыхащIэ.

Дауи, бын пIыным, гъэсэным лъэпощхьэпо куэд пыщIащ, атIэми къэхъунщ Хъуромэ зэщхьэгъусэхэр я нобэрей гугъуехьхэм щыщыгуфIыкIыжын зэман. Дэрэжэгъуэрэ гукъыдэжрэ къозыт апхуэдэ Iуэхугъуэхэм я щIэдзапIэ ирехъу Анэм и махуэм ирихьэлIэу бзылъхугъэ быныфIэ Хъуромэ Альбинэ иджыблагъэ игъуэта къэрал гулъытэр. КъБР-м и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, быни 10 зыпI, зыгъасэ анэ гуащIафIэ Хъуромэ Альбинэ хуагъэфэщащ «Анэ щIыхь» дамыгъэ лъапIэр.

Дэри дохъуэхъу Хъуромэхэ я унагъуэшхэм Анэм и махуэмкIэ. Зэщхьэгъусэхэри я бынхэри куэдрэ псэуну ди гуапэщ, гъащIэм хуаIэ щIэщыгъуагъыр мыкIуэду, я насыпым хэхъуэу, унагъуэр зэкъуэтрэ абы исхэми заузэщI зэпыту. Русланрэ Альбинэрэ быным нобэ хухаш лъагъуэр ахэр насыпым хуэзышэну гъуэгу кIыхьу Тхьэм къыщIигъэкI!

«Анэ» псалъэ кIэщIым пкърылъ IэфIагъыр гурэ псэкIэ зыхащIэу, быным я пщIэрэ гулъытэрэ щымыщIэу дунейм куэдрэ Тхьэм тригъэт махуэшхуэр зыхуэунэтIа бзылъхугъэ псори. «Анэпсэр ар псынэщ... Ар псысэщ», - жиIащ усакIуэ цIэрыIуэм. Иремыгъуэщыкl а псынэпс къабзэр. Сабийуэ дунейм къытехьэри куэдрэ щIредэIу анэ псысэ IэфIым!



**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

**Дифl догъэлъапlэ**

# Бзылъхугъэ щыпкъэ



**Адыгэ унагъуэхэм ижь лъандэрэ къадекIуэкI хабзэхэм, унагъуэм илъ щапхъэ дахэхэм ящыщщ хъыджэбз цIыкIур гъэфIэн, гулъытэ хэха абы хуэщIын хуейуэ къызэралъытэр. Абы купщIэшхуэ зэриIэм шэч хэлъкъым - и унагъуэм IэфIагъ, щабагъэ, гумащIагъэ щызыхэзыщIа, и нэхъыжьхэм я лъагъуныгъэкIэ зызыгъэнщIа пщащэр Iэщабэ-Iущабэу, губзыгъэу къохъу, жыпIэнурамэ, лъэпкъым и къэкIуэнур зыхуэдэнур зэлъыта лъабжьэ абдежым гъэтIылъа щохъу.**

**ЩIэблэм апхуэдэ гулъытэ щыхуащI унагъуэ дахэщ къыщыхъуар мы тхыгъэр зытеухуа Жыласэ Маритэ. Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм щыщ Къардэнхэ Тамбийрэ КIунэрэ, и шыпхъухэу Лидэрэ Светэрэ, и дэлъху Володя сымэ я нэIэ тету къэхъуащ, абыхэм я гулъытэкIэ ягъэфIащ хъыджэбз нэхъыщIэ Маритэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ щыцIэрыIуэ, ди къуэш республикэхэми къыщацIыху журналист Iэзэ Къардэн - Жыласэ Маритэ и цIэр фIыкIэ жаIэныр къыщежьар и жылэрщ - хъыджэбз жаныр къэхъуащ Къардэнхэ я гъунэгъу-жэрэгъухэри, я Iыхьлыхэри, и егъэджакIуэхэри къыхуэарэзырэ къыхуэхъуахъуэу. Бэр зэхъуэхъу, жиIакъэ пасэрейм. И Iуэху дэкIыу, зыхэтхэм пщIэ къыхуащIу, ягъэлъапIэу щIэпсэур бэр къызэрыхуэупсэ псалъэ гуапэхэрами хэт ищIэн...

АдэкIэ Маритэ и щытхъу щыжригъэIащ 1981 гъэм зыщIэтIысхьа Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. ФилологиемкIэ къудамэм и студент нэхъыфIхэм ящыщ, гъэсэныгъэ дахи зыхэлъ хъыджэбзыр 1984 гъэм ягъэкIуауэ щытащ къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я нэхъ пажэм - Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым. Къыдеджэхэм абы япэ къищ къахэмыкIыу, и унафэщIхэр зэрыгушхуэхэм ящыщу МКъУ-м журналистикэмкIэ и факультетым щеджащ ар. Дауи, тынштэкъым дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ апхуэдэ еджапIэм гу зыщылъебгъатэу, фIыкIэ уакъыхэщу ущеджэныр, ауэ Маритэ дэзыхьэха журналистикэм и щэху псори абдежым зэрыщызригъэщIэным егугъуащ икIи абыкIэ Iэмалу щыIэр нэсу къызэригъэсэбэпам и щыхьэтт къратыжа дэфтэрыр (диплом плъыжь къихьыным зы «плIы цIыкIу» зэран хуэхъуауэ арат).

1987 гъэм МКъУ-р ехъулIэныгъэкIэ къаухри, Жыласэхэм (Маритэрэ и щхьэгъусэ Заурбэчрэ зэдеджащ) Къэбэрдей-Балъкъэрым къагъэзэжащ. Дипломхэм нэмыщI, нэхъ хэхъуэшхуэми щыгуфIыкIхэу - я къуэ нэхъыжь Замир яIэу - зэщхьэгъусэхэр Москва къикIыжащ.

Журналист ныбжьыщIэхэр «Ленин гъуэгу» газетым ирагъэблэгъащ икIи я щIэщыгъуэу, къалэшхуэм щагъуэта дэрэжэгъуэм я лъэр жан ищIауэ IэнатIэм зратащ.

«КъытщыгуфIыкIыу къытпежьат газетым и редактор нэхъыщхьэу абы щыгъуэ лэжьа, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист Мэзыхьэ Бориси абы и нэIэм щIэт журналистхэри. Си гум ноби IэфIу илъщ а лъэхъэнэм абыхэм я деж щыдгъуэта гулъытэр. IэнатIэм пэрыувагъащIэ дэ ныбжьыщIэхэм хуабжьу къытхуэсакъырт зи лэжьыгъэм хуэIэкIуэлъакIуэ журналист цIэрыIуэхэу Щхьэумэжь БетIал, Мырзэкъан Суфян, Теувэжыкъуэ Анатолэ, Уэрэзей Афлик сымэ, нэгъуэщIхэри. Ар дэрэжэгъуэ къыдэзыт, ди лъэр жан зыщI фIыгъуэт. Иджы адыгэ редакцэм и лэжьакIуэхэм я нэхъыбапIэр бзылъхугъэу щытмэ, абы щыгъуэ журналист цIыхубзу щыIэр Москва дэт Литературэ институтыр къэзыуха КIэбышэ Лилэрэ сэрэт», - игу къегъэкIыж Маритэ газетым къызэрыувауэ щытар.

Лэжьыгъэ хьэлэмэтым хуабжьу дихьэхащ ар - еш жыхуаIэр имыщIэу республикэм и къалэхэм, къуажэ пхыдзахэм нэсырт, цIыху хьэлэмэтхэм яхуэзэрти, и тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр газетым къытехуэрт. Апхуэдизу и гур зыкIэрыпщIа IэнатIэм илъэситIкIэ фIэкIа щымылэжьауэ, Маритэ газетым IукIыжын хуей хъуащ: и унагъуэр Къэхъун щыпсэурти, къакIуэкIуэжу лэжьэныр къытехьэлъэрт, а зэманым редакцэм унэ къаритынуи Iэмал щыIэтэкъым. 1989 гъэм ар уващ Къэхъун курыт школ №1-м икIи илъэс пщыкIутхукIэ абы щылэжьащ - адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу, унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэу. ИужькIэ Жыласэхэ я унагъуэр Налшык къэIэпхъуэри, Маритэ «Адыгэ псалъэ» газетым къэувыжащ икIи зыхуэзэша IэнатIэм гукIи псэкIи зритыжауэ мэлажьэ. ЯпэщIыкIэ политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмрэ къудамэм ирагъэбыдылIащ: республикэм щекIуэкI политикэ Iуэхухэм, къуажэдэсхэм я гурыгъу-гурыщIэхэм щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэ ищIу и тхыгъэ куэд газетым къытехуащ.

И IэнатIэм хьэлэлу зэрыбгъэдэтыр, и лэжьэгъу нэхъыщIэхэр зэрызэщIигъэуIуэфыр, илъэс куэдкIэ завучу школым зэрыщылэжьар къалъытэри, Жыласэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ къудамэм и унафэщI къалэныр и пщэ далъхьащ куэд дэмыкIыу, абыи хъарзынэу полъэщ. Республикэм егъэджэныгъэм ехьэлIауэ сыт хуэдэ Iуэху къыщамыIэтми, абы и купщIэр щIэджыкIакIуэхэм я деж зэрынахьэсыным егугъуу мэлажьэ ари и нэIэ щIэтхэри.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу илъэс 24-кIэ щыта ХьэфIыцIэ Мухьэмэд пщэрылъ къыщищIхэр гугъэзагъэу зэфIигъэкIыу дэлэжьащ Маритэ. «Псэгъэтыншщ, лэжьакIуэшхуэщ, цIыху зэпIэзэрытщ Маритэ. Сыт хуэдэ къалэни и пщэ дэлъхьэ - ар абы тэмэму зэригъэзэщIэнум, укъызэримыгъэукIытэнум шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым», - апхуэдэ псалъэ гуапэхэр Мухьэмэд Маритэ теухуауэ жиIэу мызэ-мытIэу зэхэтхащ и лэжьэгъухэм, тлъэгъуащ жэуаплыныгъэ нэхъ зыпылъ темэхэр итхыну дзыхь хуищIу зэрыщытари.

Езы Жыласэм зэрыжиIэмкIэ, ХьэфIыцIэм журналистхэм чэнджэщ щхьэпэ куэд къаритащ, я IэщIагъэм хуэIэзэ зэрыхъуам абы и Iыхьэшхуи хэлъщ. «УнэтIакIуэм куэд елъытащ. Мухьэмэд и ущиехэр фIыгъуэшхуэщ и унафэм щIэта дэтхэнэ зым дежкIи. Ахэр иджы ди лэжьыгъэми гъащIэми къыщытхуощхьэпэж икIи фIыщIэшхуэ худощI ди нэхъыжьыфIым», - къыхегъэщ Маритэ.

Республикэм и мызакъуэу, къэралым и щIыпIэ куэдым щыцIэрыIуэ, зи лэжьыгъэм пщIэ къыщыхуащI лъэпкъ щIэныгъэлI, политик куэдым епсэлъылIащ, абыхэм я IуэхущIафэхэр зыхуэдэр газетеджэхэм къаригъэщIащ Маритэ. ЩIэныгъэхэмкIэ доктору, кандидату, адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэу дапщэм я лэжьэкIэфIыр адрейхэм щапхъэ яхуищIа Жыласэм? Илъэс тIощIым нэсым къриубыдэу ар зытетхыхьахэм я бжыгъэр зыми къыхуэлъытэнукъым, ахэр апхуэдизкIэ куэд мэхъури.

Иджыри Маритэ и зы махуи надэ хъуркъым, Iуэху куэдкIэ гъэнщIащ и дэтхэнэ сыхьэтри. Къохъу зы тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэу газет напэкIуэцIитI-щы игъэхьэзырын хуейуэ абы къыщыхудэкI. ИкIи и къалэнхэм IэхъуэгъуэтегъэкIыу зэи бгъэдыхьэркъым - редактор нэхъыщхьэм пщэрылъ къыщищIхэр гугъэзагъэу егъэзащIэ.

Журналистым и IэдакъэщIэкIыр еджэхэм къазэрыщыхъур, ар ягу нэса-нэмысар къыщыпщIэр абы къыщыпэджэжым дежщ. Маритэ и къалэмыпэм къыщIэкIахэм ятеухуауэ къэтхахэри, къэпсэлъахэри, къыхуэкIуахэри мащIэкъым - ди гум укъиушхыдыкIащ, жаIэу е фIыщIэ къыхуащIу.

«Бзэм и щэхухэр зыбгъэдэлъ, тхыбзэ нэс зыщIэ, жьабзэкIэ екIуу псалъэ Маритэ зэм и тхыгъэхэр IуэрыIуатэ псысэу щIыбоджыкI, зэми гум илъ щэхуу зыкъызэкъуах, зэми нобэрей гъащIэм зыхаухуанэ. Газетым срищIэджыкIакIуэщи, къысхуэмыгъэсу абы и тхыгъэхэм сапоплъэ. ЩIэи жьыи щыIэу пIэрэ ар адыгэбзэ екIукIэ зыхуэмытыгъа? ЩыIэми, мащIэ дыдэщ. Нэхъыбэм согъэщIагъуэ, ярэби, мыпхуэдиз псалъэ дэнэ кърихрэ мы цIыхубз гуащIафIэм? ГурыщIэм! - Арагъэнущ жэуапыр», - апхуэдэу Маритэ и IэдакъэщIэкIхэм топсэлъыхь Мэзкуу щылажьэ МахуэлI Беслъэн. Апхуэдэ тхыгъэхэр куэд мэхъу.

И лэжьыгъэм апхуэдэу фIыуэ щIехъулIэр, псом япэрауэ, щIэныгъэфI иIэщи аращ. ЕтIуанэрауэ, сэбэп къыхуэхъужащ сабийхэр егъэджэным и мызакъуэу, я гъэсэныгъэми гулъытэ хэха хуищIу илъэс куэдкIэ зэрахэтар. Лъэпкъым, республикэм, зэрыщыту къэралым я къэкIуэнур зыхуэдэнур ди щIэблэм зэрелъытар нэсу къыгуроIуэ Маритэ.

Апхуэдэ псэ хьэлэл лэжьыгъэм гулъыти къыпэкIуащ. Апхуэдэхэщ Маритэ КъБР-м Печатымрэ информацэмкIэ и министерствэм илъэс къэс иригъэкIуэкI зэпеуэм зэрыщытекIуар, ди газетым и япэ редактору щыта Хъуран Батий и цIэкIэ ягъэува саугъэт нэхъыщхьэр щэнейрэ къызэрихьар, Iуащхьэмахуэ япэу дэкIа Хьэшыр Чылар и дыщэ медалыр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм я щIыхь тхылъхэр, нэгъуэщI дамыгъэхэри къызэрыратар. И лэжьыгъэфIым пщIэшхуэ къэралым къызэрыхуищIым и щыхьэтщ Жыласэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэр 2014 гъэм къызэрыхуагъэфэщар.

Лэжьыгъэ и пIалъэ фIыуэ зыщIэ, Iулыдж зиIэ бзылъхугъэм куэд зэрыхузэфIэкIым щыгъуазэщ республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм егъэбыдылIа еджапIэ нэхъыщхьэхэми, курыт школхэми, гъэсапIэхэми я унафэщIхэр. Аращ ар абыхэм къыщызэрагъэпэщ зэхуэсхэм щIэхыурэ щIрагъэблагъэр. Къапщтэмэ, КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэр къэзыуххэм я щIэныгъэр здынэсыр къэзыпщытэ комиссэм Маритэ илъэс куэд хъуауэ хэтщ, и Iуэху еплъыкIэм, и чэнджэщхэм пщIэ яIэу. ЩIалэгъуалэм щIэныгъэфI зэрагъуэтар а къэпщытэныгъэхэм къыщагъэлъэгъуамэ, гуфIэгъуэм къызэщIиIэтэу, и лъэр щIым нэмыс жыхуаIэм хуэдэу къокIуэж ди лэжьэгъур редакцэм.

Ди университетым и студентхэм илъэс зыбжанэкIэ ядэлэжьащ «Адыгэ псалъэр» - журналистикэм дихьэх щIалэгъуалэр практикэ къагъакIуэрэ бзэм зэрыхуэшэрыуэр ди деж щагъэлъагъуэу, я тхыгъэхэр къытхуахьрэ дыхагъаплъэу. Ахэр а илъэсхэм нэхъ зэгъэбыдылIауэ щытар Маритэти, абыхэми емызэшу и нэIэ ятригъэтащ - я IэдакъэщIэкIхэр зэригъэзэхуэжурэ «Адыгэ псалъэм» и гъэсэнхэр» рубрикэм щIэту газетым къытрыригъэдзащ, газетым и лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэм щигъэгъуэзащ, чэнджэщ щхьэпэхэр ритащ.

«Зыхуежьэ сыт хуэдэ Iуэхум щхьэкIи жэуаплыныгъэр апхуэдэу кууэ зыхэзыщIэ цIыху гумызагъэхэрщ щIэблэр дзыхь зыхуэщIыпхъэр», - жыпIэу уогупсыс Маритэ и бынхэм уащыхэплъэкIи. Ахэр гъэсэныгъэ дахэ зыхэлъ, щIэныгъэм хуэпабгъэ защIэхэщ. Жыласэ зэщхьэгъусэхэм быниплI яIэщи, зэрыпсэун щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ псоми ирагъэгъуэтащ, унагъуэу ягъэтIысыжащ, щIэблэ узыншэ къащIохъуэ. Быным я нэхъыжь Замир КъБКъУ-р къиухри аспирантурэми и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ, журналистщ. Абы и щхьэгъусэ, унагъуэм я нысэ нэхъыжь, Махуэхэ япхъу Бэлли Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр къиухауэ мэлажьэ. Я къуэ нэхъыщIэ Алим и IэщIагъэкIэ компьютер техникэм хуеджащ, хьэрычэт Iуэхум хэтщ. Алими унагъуэщ - и щхьэгъусэ Эльмирэ КъалакIуэхэ япхъущ, и IэщIагъэкIэ есэпымкIэ егъэджакIуэщ. Япхъу нэхъыжь Зареми педколледж нэужьым КъБКъУ-м щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтыжащ, ар адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэщ. Хъыджэбзхэм я нэхъыщIэ Залинэ и IэщIагъэр медицинэм ирипхащ. КъБКъУ-м и медколледжыр къиухауэ, ар Аруан сымаджэщым и хиругие къудамэм щолажьэ. Бынхэм я быныж щIэблэ дахи къащIохъуэ Жыласэхэ: къуэрылъхупхъурылъхуу 9 яIэщ: Темырлан, Дыщэнэ, Iэдыщэ, Къантемыр, Андемыр, Алихъан, Амырхъан, Ахъмэтхъан, Миленэ сымэ. Нэхъыжьхэр хущIокъу ахэр лъэпкъ хабзэм тету, анэдэлъхубзэр яIурылъу зэрагъэсэным. Маритэ и бын гъэсэкIэми, нысэхэм зэрахущытми анэ, гуащэ куэдым щапхъэ яхуэхъунхэри хэлъщ - цIыхухъум и Iулыджыр унагъуэм щигъэнэхъыщхьэу апхуэдэщ, и щIэблэр адэм фIэлIыкIыу къегъэхъу. Мис апхуэдэ унагъуэ дахэщ, нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэ жыхуаIэм хуэдэщ ди Маритэ зи унэгуащэр.

Къэхъун пщIэшхуэ щызиIэу дэса Жыласэхэ Щэлэуатрэ Бабусэрэ (я ахърэтыр нэху Тхьэм ищI) я унагъуэм япэу яхыхьа Маритэ и дэлъхухэу фIэкIа къилъытэркъым и пщыкъуэхэу Аслъэнбэч, Задин, Iэдэм, шыпхъум хуэдэу яхущытщ и нысэгъухэу Аллэ, Анжелэ, Iэминэ сыми. Езым къилъхуахэм япримыдзыхыу фIыуэ елъагъу, яхуосакъ абыхэм я бынхэми. ДызэреплъымкIэ, а псори зэхуэгуапэу, зым Iэпыхур адрейм къищтэжу зэрызэдэгъуэгурыкIуэм Маритэ и фIыщIи мымащIэу хэлъщ.

Зы тхыгъэ кIэщIым къигъэзэгъэгъуейщ Жыласэ Маритэ фIагъыу хэлъыр - къыдалъхуахэм, абыхэм я щхьэгъусэхэм, щIэблэм яхуэгуапэ анэ шыпхъущ, адэ шыпхъущ; щхьэгъусэ щыпкъэщ; анэ, анэшхуэ гумащIэщ; зыхыхьа лъэпкъыр зыгъэпэж нысэщ; гъунэгъуфIщ; ныбжьэгъу пэжщ; цIыху губзыгъэщ, чэнджэщэгъу Iущщ...

Ди лэжьэгъум и мызакъуэу, шыпхъу гуапэм хуэдэу къытхэт, гупым ди гуфIэгъуэр къыддэзыIэт, нэщхъеягъуэр къыддэзыгъэпсынщIэ Жыласэ Маритэ къыщалъхуа махуэр нобэ егъэлъапIэри, ди гуапэу дохъуэхъу узыншэу, и дэрэжэгъуэм хэмыщIу, хэхъуэр и бэу, и бынхэм, абыхэм я щIэблэм ягъэгуфIэу, махуэщIэ къэс IуэхуфIхэр къыдэхъуу псэуну!

Хъуэхъуэфlу щыIэр Тхьэм къыплъигъэс, ди Маритэ дахэ! Шэч къытетхьэркъым уи дуней тетыкIэм, хьэл-щэным щыгъуазэ, уи гулъытэ зылъыса псоми мы псалъэхэр къызэрыддаIыгъынум!

***«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.***



**КъБКъУ-м ЭкзаменхэмкIэ къэрал комиссэм хэтхэу филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор БакIуу Хъанджэрий, КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ ДыщэкI Марие, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Жыласэ Маритэ сымэ, студентхэр я гъусэу.**

• ТхылъыщІэ

# Жэбагъы теухуа хъыбархэр

**Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІащ Къэзанокъуэ Жэбагъы теухуа тхылъыщІэ. Ар зэхэзыгъэвар Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым ІуэрыІуатэмкІэ и секторым и унафэщІ Гъут Іэдэмщ.**




ТХЫЛЪЫМ ихуащ къэбэрдей хэкулІ цІэрыІуэ Къэзанокъуэ Жэбагъы и хъыбархэр. ПщІэшхуэ зыхуащІу щыта лІы щыпкъэм и ІуэхущІафэхэр ІуэрыІуатэм хэхуа нэужь, хъыбархъыбарурэ зэбгрыкІри, хэкуми щызэлъащІысащ, нэгъуэщІ щІыналъэхэми нэсащ. Къэзанокъуэм теухуа хъыбархэм гупсысэ нэхъыщхьэу хэлъыр ди хабзэм и дахэм, цІыхугъэм, щэн дахэм хуэущииныгщ. Тхылъыр нэхъ яхуэгъэзащ щІалэгъуалэм, курыт еджапІэм и класс нэхъыжьхэм щІэсхэм, ауэ ар зыІэрыхьэ дэтхэнэри фІэгъэщІэгъуэну абы зэреджэнум шэч хэлъкъым.

Гъут Іэдэм и тхылъым къызэрыщыхигъэщащи, Къэзанокъуэ Жэбагъы лІы Іущым и хъыбархэр езыр щыпсэуа лъэхъэнэм, илъэс щищ хуэдиз ипэкІэ, къежьауэ, нобэм къэсыху адыгэхэми гъунэгъу лъэпкъхэми жьэрыІуэтэжу зэрахьэ. Ахэр зыбжанэрэ тхылъу къыдэкІауэ щытащ, ауэ нобэкІэ гъуэтыгъуей хъуащ. Хабзэ дахэмрэ зэхэщІыкІымрэ я щапхъэ сыт щыгъуи къэзылъыхъуэ дэтхэнэ жылагъуэ узыншэри езы хъыбархэм хуэныкъуэщ.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, тхылъыр зытеухуа лІы телъыджэм хуэдэ лъэпкъым къыхэкІыныр куэду гухэхъуэщ, абы и хъыбархэр мыкІуэдыжу зехьэныр лъэпкъым и псэ къэбзагъэмрэ и гупсысэм зэрызиужьамрэ я нэщэнэщ. Мы тхылъ цІыкІум щызэхуэхьэсащ адыгэ лІы Іущым теухуа хъыбар нэхъ хьэлэмэтхэр, ар къызэгуэзыххэм нэхъ гунэс зэращыхъуным хущІэкъуу, щІэныгъэлІым зэхигъэуващ. Тхылъыр зи ІэдакъэщІэкІым тхыгъэхэм щелэжьым гуращэу иІар нобэрей ди лъэпкъэгъухэр хэкум и тхыдэм, хабзэм и нэхъ екІухэм, цІыхугъэм, адыгагъэм, лІыгъэм хуэузэщІыныгщ. Хъыбархэм я нэхъыбэр япэкІэ къытрадзауэ щытахэмрэ архивым хэлъхэмрэ къыхащыпыкІащ, зыкъомыр езы авторым ІуэрыІуатэ зэхуихьэсу адыгэ щыпсэу щІыналъэхэр къыщызэхикІухьым щыгъуэ итхыжащ.

ЩІэныгъэрылажьэхэм къызэрахутамкІэ, Жэбагъы щыпсэуа зэманыр илъэс щищ хуэдиз ипэкІэщ, епщыкІубланэ лІэщІыгъуэм и кІэухымрэ епщыкІуиянэм и япэ Іыхьэхэмрэ къызэщІиубыдэу. Абы щыгъуэ адыгэхэм тхыбзэ зэрыдимыІам къыхэкІкІэ, Къэзанокъуэм и хъыбар ятхыж щыхъуар ар дунейм ехыжа нэужь илъэс щитІ нэблагъэ дэкІауэщ, гъэнэхуауэ жыпІэмэ, ХХ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэращ. А зэман зэхуакушхуэм къриубыдэу, дауи, дунейми, абы тетхэми Іэджэуи захъуэжащ.

Ди лъэхъэнэгъу щІэныгъэлІхэм зэрыхуагъэфащэмрэ зи тхыбзэр а зэманхэм узэщІауэ щыта урысхэм, тыркухэм ятхауэ дызыщыгъуазэ пакІэ-пакІэхэмрэ ятепщІыхьмэ, Жэбагъы 1685 гъэм, е 1686 гъэм къалъхуауэ къыщІэкІынущ. АбыкІэ шэсыпІэщ езым и сыным хьэрыпыбзэкІэ тетхар - хьиджрэм тещІыхьауэ къэхъа бжыгъэхэр. Абы нэмыщІу, урыс тхыгъэ кІапэлъапэу лІы Іущым и цІэр къызыхэщхэри, езым и хъыбархэр зытеухуа къэхъугъэхэр щекІуэкІа зэманри, тхыдэм зи цІэ къыхэна пщыхэм я нэхъыбэр щыпсэуа лъэхъэнэри ардыдэм тохуэ.

ЩІэныгъэлІхэм къызэралъытэмкІи, языныкъуэ хъыбархэми къазэрыхэщыжымкІи, Къэзанокъуэр уэркъ унагъуэм къыхэкІауэ щытащ, зэгъэщІылІауэ зыбгъэдэтари япэщІыкІэ ХьэтІохъущокъуэхэщ, иужькІэ КъетыкъуэхэщI, хъыбарым жиІэр пэжмэ (уэркъхэм хуитыныгъэ яІэу щытащ зы пщым бгъэдэкІрэ нэгъуэщІым гухьэну). ХэубыдыкІауэ ар нэхъыбэрэ зыбгъэдэтар къэбэрдей пщышхуэу, пщы уэлийуэ щыта КъетыкъуэАслъэнбэчщ. Ар ди хэкум и тепщэу щыщыта лъэхъэнэм Жэбагъы абы къулыкъу хуищІэу, нэгъуэщІу жытІэнщи, чэнджэщэгъу пэжымрэ пщым и къуэдзэмрэ я къалэнхэр игъэзащІэу бгъэдэтауэ къаІуатэ архивхэм къыхахыжа документхэм. АбыкІэ шэсыпІэхэм ящыщщ урыс тхыгъэхэм Жэбагъы и цІэр къызэрыхэщыжкри: лІы Іущым и цІэр абыхэм къызэрыхэнам тепщІыхьмэ, ар Къэбэрдейм икІа лІыкІуэ гупхэм яхэту зыбжанэрэ Урысей пащтыхьым, абы и блыгущІэтхэм яхуэзауэ щытащ. Апхуэдэу, къэрал ІуэхукІэ Къырымми Уэсмэн империем и къалащхьэ Истамбыли Жэбагъы и лъэр нихуауэ щытащ, абы икІри, МэккэМадинэ кІуэри, хьэж ищІри къигъэзэжащ. Апхуэдэм щыхьэт тохъуэ адыгэ ІуэрыІуатэм щыщ хъыбар зыбжанэри, езым и сыным тетхэри.

Гъут Іэдэм зэрыхуигъэфащэмкІэ, тегъэщІапІэ пэжкІэ узыщыгугъыну щыІэхэм ящыщ зыщ урыс тхыгъэхэр, икІи абыхэми къазэрыхэщымкІэ, Къэзанокъуэ Жэбагъы и адэр лІэужькІэ адыгэ уэркъыу щытауэ къыщІэкІынущ. Апхуэдэ еплъыкІэ щІэныгъэлІым щІиІэр мыращ: Жэбагъы жылэ щхьэхуэ зыщІэлъ къуэш иІащ, езы дыдэми зы жылэ мыин ІэщІэлъу щытащ. КъызэрыбгурыІуэ хъунумкІэ, ІуэрыІуатэм Жэбагъы бацэм хэлъу къагъуэтрэ къызэрыгуэкІ гуэрым ипІыжауэ зэрыхэтыр пэжу щытамэ, абы къуэши иІэнутэкъым, мор къызыхэкІар щамыщІэкІэ, и къуэшыр уэркъыу щытынутэкъым, и лІакъуэри зыми ищІэнутэкъым. Пэжщ, зэзэмызэ къэхъуу щытащ, лІыгъэшхуэ зезыхьа гуэрхэр уэркъым палъыту. Ауэ абы апхуэдэ зыгуэркІэ уэркъыгъэр къыхуагъэфэщатэмэ, езыр уэркъ хъуа щхьэкІэ, и къуэшым апхуэдэ фІащынутэкъым. Ди деж зи цІэ пэжыр къэмыса и адэри уэркъыу щытащ, и уэркъыгъэри хабзэкІэ и бынхэм яхуэкІуэжащ.

Къэзанокъуэм и хъыбархэр, авторым зэрыжиІэмкІэ, япэ дыдэ ятхын щыхъуар ХХ лІэщІыгъуэм ипэхэращ, ауэ нэхъ хэкъузауэ щелэжьар 1952 - 1955 гъэхэм щегъэжьауэщ: а зэманым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и лэжьакІуэ гупым адыгэ щІыналъэхэр къызэхакІухьурэ Жэбагъы и хъыбару ягъуэтыр къызэщІакъуэн ирагъэжьащ. Гупым я пашэу щыта Шортэн Аскэрбий и цІэр тету икІи ар хэлэжьыхьыжауэ 1956 гъэм къыдэкІауэ щыта тхылъ цІыкІум ихуащ щІэныгъэрылажьэ гупышхуэм хъыбару къагъуэту ятхыжахэри нэгъуэщІхэм ятхыжауэ щыІэхэри. Ар икъукІэ Іуэху щыпкъэу зэфІэкІауэ щытащ икІи абы зи гуащІэ хэзылъхьа дэтхэнэми фІыщІэшхуэ хуэщІыпхъэщ, лъэпкъым и щІэблэм хуалэжьа Іуэху щхьэпэм щхьэкІэ.

Абдежым къыщегъэжьауэ, нобэм къэсыху Жэбагъы теухуа хъыбару адыгэ ІуэрыІуатэ къэзыугъуей щІэныгъэлІхэм ятхыжар къэпщытэмэ, ахэр текст щэ бжыгъэ зыбжанэм ноблагъэ. ГъэщІэгъуэнракъэ, Жэбагъы щыпсэуа зэманыр илъэс щищ ипэу щытми, а лІы щыпкъэм и цІэр уэршэрым къыдэкІуэу, абы теухуа хъыбархэр нэхъыжьхэм къаІуэтэжу нобэ зэхэпхынкІэ мэхъу. Пэжыр жытІэнщи, зыгуэрым и цІэр ІуэрыІуатэм хэхуамэ, абы игъэхъахэри, зыкІи и Іуэху зыхэмылъахэри игъэхъауэ щыкІэрацІэлъ къохъу. АрщхьэкІэ, дауи, Жэбагъы апхуэдизу цІэрыІуэ хъунтэкъым, зыгуэр езым къуэмылъатэмэ, ауэ сытми къызэрыгуэкІ гуэру щытатэмэ.

Мы тхылъыр авторым щигъэхьэзырым щыгъуэ тегъэщІапІэу зыбжанэ иІащ. Апхуэдэщ ищхьэкІэ къыщыхэдгъэща лэжьыгъэу Шортэн Аскэрбий къыдигъэкІауэ щытар, Нало Зауррэ Гъут Іэдэмрэ зэдагъэхьэзыру Жэбагъы и хъыбару ягъуэта псори щызэхалъхьэжа тхылъыр, нэгъуэщІ тхыгъэ къытрадзахэмрэ Іэрытхыу архивым аторым къыхихахэмрэ, макъкІэ тхыжауэ фонотекэм хэлъхэр. Ауэ нэхъ хэхыпІэшхуэу Гъутым иІащ ІуэрыІуатэ зэхуэзэсыну щежьэу щыта зэманхэм щыгъуэ итхыжу кърихьэлІа хъыбархэр. Ахэр адыгэ хъыбарыжьхэр ІукІэ зехьэныр щІэныгъэ курыхыу къэзылъытэу щыта Іэджэми я Іэужь лъапІэщ.

А псори мы тхылъыр зыхуэгъэза щІэблэщІэм щыщхэм нэхъ къазэрыгурыІуэным хуэдэурэ зэригъэзэхуэжащ, бзэм и ІуэхукІи, тхыбзэм къегъэзэгъыжауэ хъыбархэр и къэІуэтэкІэр нэхъ гунэс зэрыхъункІи. Абы щыгъуэми, тхыжауэ щыІэхэм хэмыту, щІэныгъэлІым зэрыжиІэмкІэ, къигупсысауэ къэхъугъэ гуэри, цІэ-унэцІи, щыпІэцІи хигъэхьакъым, хэлъри зэрихъуэкІакъым. Тхылъым ихуа хъыбархэм пэублэ псалъэ яІэщ, ар зытеухуар игъэнаІуэу. Апхуэдэуи, щІэджыкІакІуэхэм тхылъым кърагъуэтэнущ Кэзанокъуэ Жэбагъы теухуа хъыбархэу урысыбзэкІэ, инджылызыбзэкІэ зэрадзэкІахэри.

**НАФІЭДЗ Мухьэмэд.**



• Щэнхабзэ

# Къэралыгъуэм и махуэм и щІыхькІэ

**Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэм уэрэдымрэ къафэмкІэ и академическэ ансамблым Налшык и Музыкэ къэрал театрым щэкІуэгъуэм и 20-м псапэ хуэщІэу концерт гукъинэж щитащ, Кавказ Ищхъэрэм мы зэманым зэрызыкъыщигъэлъагъуэм и программэм хыхьэу. Ансамблым и художественнэ унафэщІыр икІи и дирижёр нэхъыщхьэр УФ-м и цІыхубэ артист, генерал-майор Елисеев Викторщ. Концертыр къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ.**

АР ИРИГЪЭКІУЭКІАЩ УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Шустиков Игорь. Пшыхьым зыкърагъэхьэлІащ КъБР-м и Правительствэм и Аппаратым и лІыкІуэхэм, Урысей гвардием щІыналъэмщІэуправленэми унафэщІхэмрэ илэжьакІуэхэмрэ, абыхэм я унагъуэхэр, налшыкдэсхэр.

Налшыкдэсхэм гуапэу кърагъэблэгъащ урысеидзэм макъамэ, къафэ гъуазджэхэмкІэ и гуп нэхъ ин дыдэхэм ящыщ ансамблыр. Пшыхьым щыжаІащ ансамблым и хорымрэ оркестрымрэ я репертуарым илъэс куэд щІауэ хэти, къагъэщІэрэщІэжаи, иджы дыдэ къаща уэрэдыщІэхэри. Совет кинофильмхэм хуатха, Хэку зауэшхуэм теухуа, урыс цІыхубэ уэрэд цІэрыІуэхэр жыпІэми, псори удэзыхьэхырт. Нэхъыжьхэм фІыуэ ящІэж Островой Сергей и псалъэхэр зыщІэлъ «Ты, Россия моя» уэрэдыр, композитор Туликов Серафим макъамэ зыщІилъхьар. Ар удихьэхыу пшыхьым щигъэзэщІащ УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ Елисеевэ Наталье. Апхуэдэу Іэгуауэ ин зыхуаІэтахэм ящыщщ «Вдоль по Питерской», «Живёт моя отрада» уэрэдхэми, нэгъуэщІхэми, ягу зэрыдыхьэр нэрылъагъуу, дежьууащ едэІуахэр.

Ансамблым и къэфакІуэхэм ягъэзэщІащ «Казачья пляска», «Яблочко» къафэхэр. Кинофильм цІэрыІуэхэм къыхэщхэм, цыджан цІыхубэ уэрэдхэм ящыщщ «Цыганская фантазия», «Неуловимые мстители», «Главный калибр», «Жестокий романс», «Табор уходит в небо» уэрэдхэр. Пшыхь гукъинэжыр ягъэдэхащ УФ-м щІыхь зиІэ и артистхэу Дмитриев Алексей, Громов Виктор, Лукашевич Александр, Новиков Марк, Насонов Евгений, Мамонов Михаил, Бурят Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэхэу Саможапов Русланрэ Цыденов Норполрэ. Цыджан къафэхэр щІэщыгъуэу игъэзэщІащ «Ромэн» театрым и къэфакІуэ Іэзэ Богданов Артур. Пшыхьыр зэхуащІыжащ композитор Агапкин Василий и макъамэ зыщІэлъ «Прощание славянки» уэрэд цІэрыІуэмкІэ.

Ансамблым Владикавказ, Грознэ, Нэзран къалэхэм концертхэр щитащ. АдэкІэ и программэм щыпищэнущ Псыхуабэ къалэм.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*






**● Хабзэм щыщ**

# ХьэщIэгъуакIуэ, уэкъулэ

«ХьэщIэр уеджэу хьэщIэгъуакIуэ къыумышэ, ауэ къакIуэмэ, ухуэмынэщхъей!» - жиIэу псалъэжь щыIэщ. Абы къикIыр хьэщIэр къыпхуэкIуамэ, нэщхъейуэ ухущымыту, къыщIэкIуар хуэщIэ. Ар нэхъыбэу зытражыIыхьыр, ипэкIэ мылъку щхьэкIэ лъэIуакIуэ кIуэ куэдрэ къэхъуу щытащ. Ар сыт хуэдэ хьэщIэуи, сыт хуэдэ мылъку щхьэкIэ къокIуэлIауи щрет, хуумыщIэмэ, улIтэкъым.

Езым и къару закъуэкIэ хузэмыгъэпэщми, и ныбжьэгъу зыдигъэIэпыкъурти, и хьэщIэм и Iуэхур хузэфIигъэкIырт.

Зыгуэрым ишхын имыIэу «уэкъулэ» и благъэ е и ныбжьэгъу деж гъавэ щхьэкIэ лъэIуакIуэ кIуэнумэ, махъсымэ иригъэщIырт, хуэфащэ гъуэмылэ тIэкIуи щIигъурти, здихьырт. ЗдэкIуам къэкIуар щIэлъаIуэр хуимыщIэфынумэ, и ныбжьэгъухэм хъыбар яригъащIэрти, къызэхуишэсырт. Iуэхур зэрыщытыр ягуригъаIуэрти, и махъсымэри ирафырт, и шхынри яшхырти, пщэдджыжь пIалъэ къыхуащIырти, зэбгрыкIыжырт. Пщэдджыжьым гу зэщIащIэрти, жэщым щыIахэм я деж кIуэрт. Зэрыхабзэти, ху меркIэ нэхърэ нэхъ мащIэ къезыт щыIэтэкъым. Къэп къезыти къэхъурт. Апхуэдэм зэреджэр «меркIафэт», ху меркIэ къызэрыратым щхьэкIэ фIащауэ. Абыхэм кърататм зыхуэчэмыр бысымым хикIутэжырти, гъавэ гулъэ ирагъашэрт. Арат «уэкъулэкIэ» зэджэр.

Мис апхуэдэ щIыкIэкIэ адыгэхэр зэдэIэпыкъуу, зым адрейм зыщIигъакъуэу зэдэпсэууэ щытащ. «СымэжэщIалIэщ», - жызыIэу къыбгъэдыхьа цIыхум дэIэпыкъун щхьэкIэ, езыми мэжэщIалIафэ зытригъауэурэ дэIэпыкъуу щытащ.

Абы хьэщIэгъуакIуэкIи уэкъулэкIи еджэрт.



# Сэкуу (хугу гъэлыгъуа)

Хугу лъэсар кхъузанэм тракIутэри зэкIэрыщэщу хъуху ягъэгъущ. Шыуаным тхъу щахуэ, фIыуэ къагъэплъри хугур абы иракIутэ, чымчыркIэ зэIащIэурэ тхъуэплъ дахэ хъухукIэ ягъэлыгъуэ. Хугур Iувыщэу шыуаным иракIутэркъым, зэхэлыгъукIынукъыми; мафIэри ин ящIыркъым, мылыгъуэурэ исынущи. Хугу лыгъуар тIэу-щэ щIагъэпщ кхъапIэ къыхэмынэжыхукIи, шыгуным къэкъуалъэу ит шэ щIэмыхум хакIутэ. Абы шыгъу е фошыгъу, щхьэж зэрыфIэфIым хуэдэу, хадзэж. Хугур хакIута нэужь шэр зэ къытрагъэкъуэлъэж, чымчыркIэ зэIащIэурэ. Абы и ужькIэ шыгуныр мафIэм къытрахыжри и щхьэр тепIауэ сыхьэтищ-плIыкIэ щагъэтщ. Щыта нэужь хугум шэуэ щIэтыр зыщIеф, езыр къэпIэнкIауэ, зэкIэрыщэщу мэхъу. Шыгуныр щIыIапIэ ягъэув.

Мыр хуабжьу къэуатщ икIи шхыгъуафIэщ, щашхыр гъэмахуэ шылэрщ. ЦIыхубз, сабий шхыну ябж. Хугу пIэнкIар щашхынум деж и лъабжьэм щIэмыIэбэу пхъэ бжэмышхкIэ е чымчыркIэ къытрах, ар фалъэ иракIутэри, шхурэ шатэрэ щIэкIауэ яшх. Хугу пIэнкIар апхуэдизкIэ къэуатщи, ар зышхар махуэ хуабэ кIыхьым мэжалIэркъым, псы хуэлIэркъым. Шхурэ шатэрэ щхьэж зыхуейм хуэдэу хекIэ.



**● Шхыныгъуэхэр**

***Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ):***

хугу гъэлыгъуауэ - г 260-рэ, шэуэ - г 900, фошыгъуу - г 60, тхъууэ - г 25-рэ, шхууэ, шатэу - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

**● ГушыIэхэр**

* * *

- Уэлэхьи, Къасболэт, си гуапэ дыдэ хъуам, уи щIалэр школ директор ящIауэ зэхэсхати. Иджы мэз ущIэкIуэн лъэпкъ щыIэжкъым.
- Сыту?
- А зиунагъуэрэ, пхъэ гъэсынри фIамыщIри къыпхурагъэшэнущ. Ар хабзэщ, законщ.
- НтIэ, апхуэдэ закон зэрыщыIэр зымыщIэ си къуэм ухуэзэ хъумэ, «Псынабэ правленэм лIыжь гуэр КъасботкIэ еджэу къыщагъэвыжу срихьэлIащ», – жыIи схужеIэж, тIу.

* * *

Къасбот и шыдыр кIуэдри махуитI-щыкIэ къэтауэ, къатхъэнсулыкъу кIырым хэлъу къигъуэтыжащ. Шыдым и къурмакъейр зэпышхыкIат, куэ лыпцIэм щыщу зы IыхьэфIи ишхат дыгъужьым. Ину папщэри, лIыжьым жиIащ:

- Ер зи унэм ихьэн, афIэкIа зэрумышхыфынур къызжепIамэ, хэплъыхьауэ лы чилитI станц бзэрым къыпхуисхынти.

* * *

Экзамен тыгъуэщ. ЩIалищ зопсалъэ.

- Уа, историемкIэ хэт дызэлъэIунур мы Аслъэнбий и къуэм щхьэкIэ?
- Хьэмид.
- СочиненэмкIэ?
- Мурат.
- УстнэмкIэ-щэ?
- Хьэлимэт.
- Ахэр хъарзынэтэм, уэлэхьи, ауэ нэмыцэбзэр дауэ?
- Уэлэхьи, уи хьэтыр къэзылъагъун абыхэм яхэту сымыщIэ сэ.
- Школым щиджа?
- И аттестатым 4 итщ.
- КхъыIэ-тIэ, а зымкIэ ди хьэтыр къилъагъуну езы щIалэ цIыкIум девгъэлъэIу.

**● Псалъэжьхэр**

# Зэхуэфащэ зэщауэгъущ

- ♦Закъуэныгъэ нэхърэ Iэл къыбдис.
- ♦Зэдэшхэ IэфIщи, зэдэфI унэщ.
- ♦Имысрэ сымаджэрэ Iыхьэншэщ.
- ♦КъакIуэ псори благъэщ.
- ♦Къуэш лей щыIэкъым.
- ♦Уи бынрэ уи благъэрэ умыбж.
- ♦Зи щхьэ Iуэху зыхуэмыщIэжыр хамэ IуэхукIэ ерыщщ.
- ♦Къуажэ ив нэхърэ къуажэ и благъэ.
- ♦Фэ зытетым гу кIуэцIылъщ.
- ♦ФэкIэ щIалэрэ гукIэ лIыуэ.
- ♦Къомыхъуэжынур, къомыщэжынур уи анэрэ уи нитIрэщ.
- ♦ЩIыр бжьэкIэ епщри, къыпыщым тоувэ.
- ♦Дыщ мэжаджэ IэфIщ.
- ♦Джэду хьэжы зыкъещI.
- ♦Зэхуэфащэ зэщауэгъущ.
- ♦Зегъэуби уи бын пIыж.
- ♦Кърум шыр имыIэмэ, зы бзущ.
- ♦Къуажэ дэз Iыхьлы нэхърэ жылэ и зырыз благъэ.
- ♦Нэм псэр зыщIешэ, гум гур къреджэ.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ЦIыхъухъуцIэ. **3**. ЗэкIэлъхьэужьу е я закъуэу зрикIуэ гъуэгу бгъузэ цIыкIу. **8**. Нартыху щхьэкIэм къыдидз гъэгъа. **9**. ЩэкI лIэужьыгъуэ, данэ. **10**. КъэкIыгъэхэм я щхьэщыгу лъэныкъуэ. **11**. МыцIэнтхъуэн, хъума хъун щхьэкIэ шым и лъэгум щIаукIэ гъущI. **12**. Хьэуам щIыпIэщIыпIэкIэ зэхуэхуса щыхъу псы бахъэ. **13**. Илъэсит1 къэс зэ къэкI, зи тхьэмпэхэр пхъашэ, гъэгъа плъыжь-фIыцIафэ зиIэ, зи лъабжьэр хущхъуэу, шхынхэлъхьэу къагъэсэбэп губгъуэ къэкIыгъэ. **14**. Зи тхьэмпэхэр гъэмахуэми щIымахуэми щхъуантIэу щыт гъурц, е жыг цIыкIу, шейудз къыхащIыкIыу. **15**. Язынықъуэ къэкIыгъэхэм къикIэ купсэ, гъэгъа, жылэ къэзыщI. **17**. Игъуэ нэмысу зыкъэзыгъэшыжа хадэхэкI, пхъэщхьэмыщхьэ. **19**. Бжьакъуэ зытет Iэщ пIащэм и щIэжьейуэ зи ныбжьыр зы илъэсым къыщыщIэдзауэ илъэситIым нэс. **20**. Нарт хъыбархэм хэт Iэщхэм я тхьэ. **21**. Псыр е псы зыщIэт гуэр щагъэпщтыркIэ, щагъэхуабэкIэ е щигъущыкIкIэ, Iугъуэм ещхьу къыдрихуейуэ нэм къимыубыд псы ткIуэпс цIыкIу зэхэтхэр. **22**. ШыкIэпшынэм зэреуэ Iэмэпсымэ.

***Къехыу:*** **1**. Шынэ зиIэм укIытэ ... . (псалъэжь) **4**. Зыгуэр щащэ-къыщащэхум деж уасэ зэралъытэ дамыгъэ. **5**. Къамыл, хьэуазэ сыт хуэдэхэмкIэ псэуалъэм и щхьэр уфэн, къытепIэн, зэхуэщIын. **6**. ИлъэситIкIэ къэкI къэкIыгъэ лIэужьыгъуэ, тхьэмпэ ин щабэ тету. **7**. ЖьакIэ цIырхъ зытет. **14**. Шэ щытам и щхьэм къытрищIэу е шэщIэхукIэ шэм къыхагъэкIыу нэхъ дагъэпщIагъэ зыхэлъ Iувыр. **16**. Пщым и фыз, пщым и щхьэгъусэ. **17**. Мэзым щыпсэу псэущхьэ Iэл цIыкIу, кIэ бырыбышхуэ пыту. **18**. ПщIэну, бгъэзэщIэну къыппэщылъ, къалэн.

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ**.

***ЩэкIуэгъуэм и 19-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Къауц. **4**. Бицу. **6**. Хугу. **8**. Фо. **9**. ЦIыв. **10**. Кхъужьей. **12**. Банэ. **14**. ХъумпIэцIэдж. **17**. Бжэн. **18**. Урыху. **19**. Iувщ. **21**. Кхъухь. **24**. Хур. **25**. Имыс. **26**. Мысэ.

***Къехыу:*** **1**. Аргуажьэ. **3**. Цей. **4**. Баш. **5**. Цыфэнд. **7**. Мы. **11**. Йемен. **12**. Бжэгъуу. **13**. Жэп. **15**. Бжыхьым. **16**. Мылъхуэс. **20**. Вы. **22**. КIэс. **23**. Кхъуэм.

**● Чэнджэщхэр**

# ЩIэщыгъуэр гуакIуэщ

- ♦ФIыщIэ зыхуэфащэр цIыхум Iейуэ хэлъыр зыгъэмащIэу фIыуэ хэлъыр зыгъэбагъуэрщ.
- ♦Хьэ пэтрэ, щыбгъэкIмэ, хэплъыхь ещI.
- ♦ЦIыху зи жагъуэ къулейсызщ.
- ♦Щхьэщытхъум и пщIэр жыжьэ нэсыркъым.
- ♦ЩIэщыгъуэр гуакIуэщ, щIэщыгъуэр IэфIщ.
- ♦Лъэужь дахэ дунейм къытебнэмэ, цIыхум уи цIэр ягъэлъэпIэнщ.

**ГУБЭЩIЫКI Владимир.**

# IэпщIэлъапщIэхэм я IэрыкIхэр

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр



**Къэбэрдей-Балъкъэрым Щэнхабзэмкlэ и фонд Вэрокъуэ Владимир и цIэр зезыхьэм щагъэлъагъуэ декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ IэпщIэлъапщIэхэм я лэжьыгъэхэр. «Гъагъэ, си щIыналъэ» - аращ абы фIащар. Ар къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100, Щэнхабзэмкlэ фондыр илъэс 35-рэ зэрырикъум я щIыхькIэ.**

- ГЪУАЗДЖЭМ зэфIэкI щызиIэу республикэм ис щIалэгъуалэ IэпщIэлъапщIэхэр къыхэсшащ мы гъэлъэгъуэныгъэм. ДяпэкIи ди мурадщ мы Iуэхум зедгъэубгъуну, - жиIащ фондым и унафэщI Мэкъуауэ Люазэ. - Сурэтыщl ныбжьыщIэхэм я дежкIэ ар IэмалыфIщ езыхэр зэрыцIыхунымкIэ, я лэжьыгъэхэр ягъэлъэгъуэнымкIэ, абыхэм щIэупщIэ яIэнымкIэ.

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэIуаха нэужь, сурэтыщIхэр чэзууэ къэпсэлъащ икIи ахэр къытеувыIащ сурэт щIыным зэрыдихьэхам, я IэщIагъэр къызэрыхахам, я щIэныгъэм зэрыхагъахъуэм. IэпщIэлъапщIэхэм мастер-классхэр зэратми хагъэгъуэзащ икIи гупыж зыщIхэр абыхэм ирагъэблэгъащ.

Мыбы щагъэлъагъуэ цIыхубз сумкэхэр, зэрызагъэдахэ цIуугъэнэхэр, гуащэхэр. Къапщтэмэ, кърихьэлIахэм щIэщыгъуэ ящыхъуащ зи лэжьыгъэ хьэлэмэтхэмкIэ къалэдэсхэм къацIыхуа Мысачэ Верэ и гуащэхэр.

Зэхыхьэм къекIуэлIахэм я нэгу зригъэужьащ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и студент, уэрэджыIакIуэ Асеев Къантемыр.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*



# ФIыщIэ тхылъхэр ират

**Суд приставхэр ехъуэхъуащ щIыналъэм щылажьэ телекомпаниехэм я лэжьакIуэхэу зи махуэр зыгъэлъапIэхэм.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым телевиденэ къызэрыщызэрагъэпэщрэ илъэс 65-рэ ирикъуащ мы гъэм. ЛIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъу ипэкIэ япэу экранхэм щагъэлъэгъуащ щIыпIэ хъыбарыщIэхэр. Нобэ ди республикэм каналитI щолажьэ - «1 КБР», «Россия-1 КБР».

Телевиденэм и дунейпсо махуэм журналистхэм я хьэщIащ зи лэжьыгъэм телевизореплъхэр щIэх-щIэхыурэ щыгъуазэ ящI суд приставхэр.

Илъэс куэд хъуауэ зэпыщIэныгъэ быдэ яку дэлъу зэрызэдэлажьэм папщIэ Урысей ФССП-м и управленэу КъБР-м щыIэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр иратащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и унафэщI Къэзанш Людмилэрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и унафэщI Конаревэ Натальерэ. Апхуэдэуи УФССП-м и лэжьакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ «1 КБР» телеканалым хъыбарыщIэхэмкIэ и программэм и редактор нэхъыщхьэ Хъуэст Алимрэ корреспондент Брай Мариерэ; «Россия-1 КБР» телеканалым хъыбарыщIэхэмкIэ и IэнатIэм и унафэщI Суйдым Беслъэнрэ хъыбарыщIэ нэтынхэмкIэ и корреспондент хэха Гериев Сэфаррэ.

Суд приставхэр журналистхэм ехъуэхъуащ творческэ ехъулIэныгъэхэр, хъыбарыфIхэр нэхъыбэу яIэну икIи я зэпыщIэныгъэм нэхъри зрагъэубгъуну зэрыщыгугъри къыхагъэщащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**




● Футбол



# Нэмыцэхэри ягъэгуауэщхьэуэ

**Катарым щекIуэкI, футболымкIэ дунейпсо чемпионатым и япэ къекIуэкIыгъуэр иухащ. ПэщIэдзэ махуэхэми хуэдэу, иджыри телъыджэхэр къыщохъу хьэрып къэралыгъуэм и губгъуэхэм.**

ЩЭКIУЭГЪУЭМ и 23-м хэщIыныгъэ игъуэтащ чемпионатым зэфIэкI лъагэ къыщызыгъэлъэгъуэну зыщыгугъахэм ящыщ Германием и командэ къыхэхам. Японием драгъэкIуэкIа джэгугъуэр жыджэру къыщIэзыдза нэмыцэхэм 33-нэ дакъикъэм бжыгъэр къызэIуахащ. Япэ зэрищам игъэгушхуа командэм тепщэныгъэр зыIэщIилъхьащ икIи а щIыкIэм тету зэIущIэм и япэ Iыхьэри и кIэм нигъэсащ, етIуанэри а хуабжьагъым тету къыщIидзащ. ЗэщхьэщыкIыныгъэр зы топ закъуэ фIэкIа мыхъуми, текIуэныгъэр я Iэрылъхьэу къалъыта къыщIэкIынщ Германием и футболистхэм. Японхэри набдзэгубдзаплъэт – къахукъуэкIа IэмалыфIыр напIэзыпIэм къагъэсэбэпащ. 75-нэ дакъикъэр екIуэкIыу азиат командэм бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ. А ехъулIэныгъэм зи лъэр жан ищIа япон футболистхэм дакъикъэ зыбжанэ дэкIри, текIуэныгъэ къахуэзыхьа топыр плIэнейрэ дунейпсо чемпионхэм я гъуэм дагъэкIащ. ГъэщIэгъуэнращи, Японием текIуэныгъэр къызэрихьар топыр джэгугъуэ зэманым и процент 26-м фIэкIа IэщIэмылъауэщ.

«Японием и джэгукIэм хуэфэщэн пщIэ хуэтщIакъым. Къапщтэмэ, етIуанэ топыр къытхудагъэкIын хуеякъым, дэ дыщыджэгур дунейпсо чемпионатырщ. Зыбжанэрэ Ноейр дыкъригъэлъащ. Дэри топ дэдгъэкIыну IэмалыфIхэр диIащ, арщхьэкIэ етIуанэу дыкъыхэжаныкIыфакъым. Апхуэдэ щIэщхъу дэ къытщыщI хъунукъым», - жиIащ зэIущIэ нэужьым Германием и гъуащхьэхъумэныкъуэ Гюндоган Илкай.

«E» гупым и етIуанэ зэIущIэр Испаниемрэ Коста-Рикэмрэ я командэ къыхэхахэм ирагъэкIуэкIащ. ЗэпэщIэтыныгъэм и япэ сыхьэт ныкъуэм кърикIуэм кърибыдэу дакъикъэ пщIырыпщI я зэхуакуу, 2010 гъэм дунейпсо чемпион хъуауэ щыта испанхэм топищ худагъэкIащ я хьэрхуэрэгъухэм. Америкэ Курытым щыщ къэралым и гъуащхьэхъумэхэм Испанием и гъуащхьауэхэр яхузэтемыIыгъэу хабзэр къызэпаудын хуей хъуащ. Абы кърикIуа пенальтир Iэзэу игъэзэщIащ Торрес.

Зыкъызэкъуахынуи ебгъэрыкIуэныгъэ къызэрагъэпэщынуи зы Iэмали а махуэм къызылъымыса Коста-Рикэм и футболистхэм етIуанэ Iыхьэм къащыпэплъар нэхъыкIэжт. Загъэпсэхуу къызэрихьэжрэ куэд дэмыкIауэ ещанэ топыр дэзыгъэкIам зэIущIэм дубль щигъэзэщIащ.

74-нэ дакъикъэм етхуанэу къыхэжаныкIащ Гави. ЗэпэщIэтыныгъэм хухаха зэман нэхъыщхьэр иухауэ иджыри топитI Коста-Рикэм и футбол командэ нэхъыщхьэм худагъэкIащ Солеррэ Моратэрэ икIи иджырей зэхьэзэхуэм и бжыгъэ нэхъ ин дыдэ къызрикIуа зэIущIэр 7:0-у иухащ.

«F» гупым и япэ зэIущIэу Эль-Хаур къалэм щызэхэтар, Мароккэмрэ Хорватиемрэ ирагъэкIуэкIар, бжыгъэр къызэIуамыхауэ иухащ. Абыхэм гупым къадыхэт Бельгиемрэ Канадэмрэ я зэIущIэм и унафэр зы топ закъуэкIэ ящIащ. Илъэс 36-рэ хъуауэ футболымкIэ дунейпсо чемпионатхэм хэмыта Канадэм 44-нэ дакъикъэм и жагъуэ ищIащ Бельгием и гъуащхьауэ Батшуайи.

«G» гупым хэтхэм я зэIущIэхэр щэкIуэгъуэм и 24-м зэхэтащ - Эль-Вакра дэт стадионым щызэпэщIэтащ Швейцариемрэ Камерунымрэ я командэ къыхэхахэр. Япэ Iыхьэр бжыгъэр къызэIуамыхауэ иухами, етIуанэм зэрыщIидзэу къыхэжаныкIащ Швейцарием и гъуащхьауэ Эмболо. Камеруным къыщалъхуа футболистым и топ закъуэмкIэ и хэкур зэIущIэм щыхигъэщIащ.

Тхуэнейрэ дунейпсо чемпион Бразилиер IущIащ Сербием и командэ къыхэхам. Чемпионхэм зэрахуэфащэу, зэпэщIэтыныгъэр жыджэру къыщIадзащ бразилхэм икIи тепщэныгъэр зыIэщIалъхьащ. Япэ Iыхьэм футболеплъхьэм я нэгу щIэкIакъым топ дагъэкIауэ. ЕтIуанэм хухаха зэманыр и ныкъуэм нэблэгъауэ бжыгъэр къызэIуихащ Бразилием и гъуащхьауэ Ришарлисон. Куэд дэмыкIыу абы дубль игъэзащIэри, кIэух бжыгъэр 2:0-м хуигъэкIуащ.

«H» гупым хэт Уругваймрэ Кореемрэ я командэ къыхэхахэм нэхъ лъэщыр зэхамыгъэкIауэ, бжыгъэри къызэIуамыхауэ я зэпэщIэтыныгъэр иухащ.

Мыгъэрей чемпионатым гугъэшхуэхэр зрапх Португалиери адрей командэ лъэщхэм я лъагъуэм ирикIуэным зымащIэщ иIэжар. ЗэIущIэм и япэ Iыхьэр зэхьэрхуэрэгъухэм бжыгъэр къызэIуамыхауэ иухащ. ЕтIуанэм и командэр япэ иригъэщащ икIи зэкIэлъхьэужьу дунейпсо чемпионатитхум топ щыдэзыгъэкIа япэ футболист хъуащ Португалием и гъуащхьауэ Криштиану Роналду. А махуэм чемпионхэм къапэщIэта Ганэм зэман кIэщIым кърибыдэу бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ. 78-нэ, 80-нэ дакъикъэхэм иджыри топитIкIэ къыхэжаныкIа португалхэм щытыкIэр зэпIэзэрыт ящIыжа я гугъащ, арщхьэкIэ зэIущIэм хухаха зэман нэхъыщхьэр иухыным зы дакъикъэ фIэкIа къэмынэжауэ Ганэм зэщхьэщыкIыныгъэр нэхъ мащIэ ищIыжыфащ. Африкэм щыщ къэралыгъуэм и футболистхэр абы нэхъри игъэгушхуэри, зэкIэлъыпытурэ ебгъэрыкIуащ, арщхьэкIэ зэманыр яхурикъужакъым – 3:2-уэ зэIущIэр иухащ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщIредакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.747 • Заказыр №2371

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А